# МагIарулай

1/2020

ISSN 0132-9723

Аварский



ИНСАН

**РЕКIЕЛЪ ЦIА БУГЕЙ...**

РОКЬУЛ КЪИСА

**БАХЪУН КЬУРАБ СУРАТ, БИУН ТIУРАБ САН...**

ЯСАЗУЛ ГОДЕКIАН

**ВАЦАПГУН КЬАЛЛЪАНИ КЬЕЛЕБДАЙ ТАЛИХI?...**

ДИР ДАГЪИСТАН

**НЕКIСИЯБ КЪАХIИБ**

ЮБИЛЕЙ

**ИСЛАМ ШОВКРИНСКИЯСУЛ ХIАТIУЛ ДУНИЯЛ**

ТАКЪСИРИЯЛ ИШАЛ

**РАКI ГЪАНЦIУЛЕБ КЪИСМАТ...**



Картина Н. А. Лакова



# Бокьараб бахъаян, гьабе гьабизе кколеб…

Щиб хъванидай инсанас пикру гьабилеб, сунцадай, гIумуруялъул гIоралъ восун унев вугев жакъасев чи, вигьинавилев, кантIизавилеван пикрабалъ йиго дун…

ЖамгIиял гьиназги кутакалда лъикI бихьулеб буго гьанже заманаялъул хIакъикъат, хасият, хIатта щивав чиясул хасиятгицин. ГIамм гьабун босани, рохизесеб жо дагьаб буго. Кин букIаниги, нижеца хIаракат бахъулеб буго гьаб журналалда нилъ цолъизарулеб, лъикIаб букIинеселда божизарулеб, лъикIлъиги ритIухълъиги бергьине букIиналде хьул лъолеб материал кьезе.

Гьалъ бицунеб хабар зодоса гIебеде бугилан абилаха нужеца… Нилъ лъикI букIинилан анищал гьаризецин хIинкъулел рукIиналъул пикру гьабунищ нужеца? Гьел анищаз гьабулеб асарлдасаги хIинкъулел руго нилъ. ЛъикI рукIин бихьизабизейилан хъачелаго, унго-унгояб гIумруялъулгун бухьен тIолеб буго, гьелъул магIна билулеб буго ва гьелъул тIагIамцин бичIчIулеб гьечIо нилъеда.

ГIумру… Бищунго инсанасе хирияб… Щиб жоха кколеб гIумру? РачIа кинабго лъалеб Википедиялде раккизе. Гьенибго нусгоялдаса гIемер баян кьун буго гIумруялъе – физиологиялъул, кибернетикаялъул, термодинамикаялъул, философиялъул бераздалъун. ГIемерисел гьел баяназ цоцазде данде кколареб пикру загьир гьабулеб букIиналда бан, дие гьелъул кинаб букIаниги кумек щвечIо.

Абадиялъго кьолеб суал – щиб жо кколеб гIумру? Гьелъие чIван-къотIараб жавабги батиларо. Кин букIаниги, цо кIудияб хIинкъиялда цере чIаралго, хехго пикрабиги рукIалиде ккола, гIумрудул магIнаги бичIчIула нилъеда.

Законалги цIунун, букIине кколеб нухдасан унеб гьечIо гьаб гIумруйилан абураб асаралъ толарого йиго дун. Гьел законал рукIиналда щаклъиго гьечIо. Аслияб закон буго – наслу цIунизе ккеялъул закон! Кинаб хIакъикъатха жакъа бугеб? Нилъер цивилизация хIинкъи бугеб рагIаллъуде бачIинеб буго: тIабигIат хвезабулеб буго. ТIабигIаталъ гIадамасдаса рецIелги босулеб буго – гьев живгоги хвезавун.

Гьадинаб цо бицен буго. Цо мугIалим вукIун вуго жиндирго цIалдохъабазда гIумруялъул магIна бичIчIизабулев. Цо хъабинибе чIахIиял ганчIалги ран, гьикъун буго, - «нужеда гьаб цIун букIин бихьулеб бугищ? - илан. «Буго мугIалим», - илан разилъун руго цIалдохъаби. МугIалимас тIадеги ран руго чIинхал. ЧIахIиял ганчIазде гьоркьореги ун, гьениб жидерго бакI ккун буго гьезги. Добго мугIалимасул суалалъе, гIажаиблъиги гьабун, гьанжеги цIун бугоян жаваб кьун буго цIалдохъабаз. Гьанже тIаде мугIалимас сали байдал, гьелъги жиндирго бакI ккун буго хъабиниб. Гьеб мехалда мугIалимас абун буго: «Нилъер гIумруялъулъ бищунго кIвар бугел - хъизан, лъимал, сахлъи… гIадинал жалаз , гьал ганчIаз гIадин бищунго кIудияб бакI ккола, гьоркьохъеб кIвар бугел – хIалтIи ва гIарац гIадинал… жалаз чIинхаца гIадинаб бакI ккола. Гьаб щибаб къоялъ букIунеб лъугIиго гьечIеб женжеди буго доб сали. БачIинахъего нужеца бацIцIадаб салул хъаба цIезабуни, тIокIаб сундуего гьениб бакI хутIизе гьечIо» - ян.

Сундул цIунха нилъер хъаба бугеб? Щиб бугеб жакъа къадруялда? Сундул бугеб адаб-хIурмат? Щал гьанже нилъер заманалъул бахIарзал?

**Наида КЕРИМОВА**

## НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:



### СЦЕНАЯЛЪУЛ ХIИКМАЛЪАБИ

– Дицаго хIалел ролазде жание цIакъгойищ дун унеяли, «МуртазагIали-хан» абураб спектаклялда, аслияв героясул ясалъул роль хIалаго, кагътил гьабураб нус хъварабго, унго-унгояб нус къазабураб гIадин хIунсана дир рекIеда ва бераздаса канлъиги босун гIакълуялдаса ана ............................7



### ВАЦАПГУН КЬАЛЛЪАНИ КЬЕЛЕБДАЙ ТАЛИХI?...

- БатIаго риидалил къоязги магъилъ рукIкIунарин нуж, гьебго чIандаялда тIамулин къо. Дуе гьебгощинаб хабар щай, ма, гьаб цIибачIараб «МагIарулай» журналалъул хал-шал гьабе. Щиб букIаниги пайдаяб жоги лъазе бегьулин. ..............................26



### НЕКIСИЯБ КЪАХIИБ

НекIсияб КъахIиб минаби ралел рукIана магIарул къагIидаялъ: цо рукъалъул азбар цогидасул тIох. КъватIал рукIана къваридал, минаби рукIана цоцазда цун рарал ва гьел кьурулъа раккаралилан ккезе бегьулаан. Бицен буго, гьениб росда гъоркь ракьулъан гьарурал нухал рукIаниланги .........25



### РАГЪУЛСУХЪМАХЪАЗДАСАН...

ТIаде щвана 1943 сон. Дагъисталалдаса фронталде концертгун унеб букIана кIудияб бригада. Гьелда гьоркьое ккана дунги. Уней йикIана рекIелъ хIинкъигун. Ургъел букIана, рагъул фронталда дунги камун, лъимал бесдал хутIиялъул. Кин букIаниги ана. ..............................28



# РекӀелъ цӀа бугей…

ГӀемерал дагъистанияз гӀумру гьабулеб буго Дагъистан тун къватӀиб. Амма кир рукӀаниги гьезда кӀочон толаро жидерго ВатӀан. Гьаб макъалаялда нилъеца бицунеб буго Астраханалда гӀумру гьабун йигей гьайбатай, сабурай чӀужугӀадан, кинабго жанги жигарги лъималазе тарбияги лъайги кьеялда тӀамулей педагог Раида Ревшановна СагӀидовалъул хӀакъалъулъ. Гьелъул буго гьваридаб лъайги, лъайгун тарбия кьеялъулъ лъикӀаб хӀалбихьиги ва жинцаго гьабулеб ишалдехун ракӀ унтараб бербалагьиги. Гьединазул хӀакъалъулъ абула, гьале дой унго-унгояй мугӀалимилан.

Раида гьаюна некӀсияб Ахты росулъ ва гьенибго лъугӀизабуна гьоркьолъеб школаги. МугӀалимлъун яхъине бугеб гьираялъ, гьей цӀализе лъугьана ДГПИялъул филологияб факультеталде. Щуябго соналъ киналго щуйилазда цӀалиялда цадахъго гьелъ бачана гӀелмияб хӀалтӀиги. Докладалгун ва рефераталгун гӀахьаллъулаан батӀи-батӀиял регионалиял ва институтазда гьоркьосел конференциязда. Гьединго гьей гӀахьаллъана, Казаналда букӀараб, ТӀолгосоюзалъул студентазул литератураялъул олимпиадаялдаги. Гьедин хӀалхьи гьечӀого жиндаго тӀад хӀалтӀиялъ цӀубана гьелъул махщел.

МахӀачхъалаялда дандчӀвана Раида жиндирго къисматгунги. Гьелъул лъай-хъвай ккана вукӀинесев рос, росдал магӀишаталъул институталъул студентасулгун. ГӀолилал данделъана ва цӀали лъугӀидал гьел хӀалтӀизе ритӀана Агъул районалъул бищунго рикӀкӀада бугеб Чираг росулъе. Бихьизабураб заманги гьениб бан гьел гӀумру гьабизе Астрахан шагьаралде рахъана. Гьениб гӀуцӀана магӀишатги гьаруна лъималги.

Гьанже гьезул кӀудияй ясалъ гӀумру гьабулеб буго Москваялда. Гьей ккола экономист-финансист. КӀиабилей яс йиго медик. Васас лъугӀизабуна политехническияб институт ва вахъана инженерлъун.

Раида хӀалтӀулей йиго Астраханалъул №53 гьоркьохъеб школалда чӀахӀиял классазул гӀурус мацӀалъул ва литератураялъул учителлъун. Цадахъ хӀалтӀулездаги гьелда цере цӀалулел цӀалдохъабаздаги гьей лъала гӀадлу ва ритӀухълъи тӀалаб гьабулей мугӀалимлъун. Лъай кьеялъулги буго гьелъул цохӀо жиндиего хасиятаб къагӀида.

Институталда йикӀаго байбихьараб гӀелмуялде рокьи гьелъул гӀумруялъго хутӀана: Раидаца нухмалъи гьабула школалъул гӀурус мацӀалъул ва литератураялъул мугӀалимзабазул методикияб цолъиялъе, гӀахьаллъула предмет малъиялда хурхарал суалазда тӀасан тӀоритӀулел конференциязда, хъвала батӀи-батӀиял макъалаби. Гьезда гьоркьор руго «Нилъер заманалъул учителасул сурат», «Халкъияб педагогика, ялъуни кин лъугӀизабилеб мацӀалъул квекӀен» абурал ва цогидалги макъалаби.

РакӀбацӀцӀадаб захӀматалъухъ, тӀадегӀанаб даражаялда гьабулеб хӀалтӀухъ, жиндирго ишалъе ритӀухълъиялъухъ ва лъайкьеялъул ишалъулъ лъолеб кӀудияб бутӀаялъухъ Раида Ревшановна мустахӀикълъана Астрахан шагьаралъул Думаялъул ХӀурматияб грамотаялъе, Астрахан шагьаралъул Лъайкьеялъул управлениялъул ва Астрахан шагьаралъул мэрасул Баркалаялъул кагътазе ва цогидалги шапакъатазе.

«Филолог» илан абулаго нилъеда цеве чӀола адабияталъулгун ва тӀахьазулгун хурхен бугев чи. Буго Раидалги тӀахьазулгун щулияб хурхен. Гьей ккола чанго тӀехьалъул редактор.

**– КингӀаги дуда заман батулеб ва къуват гӀолеб, мугӀалимасул захӀматаб хӀалтӀуда цадахъ макъалаби хъварал гӀечӀого, тӀахьазе редакторлъиги гьабизе?**

– Абула ракьалда щивав чиясул бугин жинца тӀубазабизе тӀадаб иш, - илан жаваб кьуна Раидаца. – Дие кидаго бокьулаан цо кинаб букӀаниги пайдаяб иш, аслияб хӀалтӀуде тӀадеги, тӀубазабизе. Сонал анагӀан бичӀчӀизе лъугьана гӀагараб ракьалдаса ва халкъалдаса рикӀкӀаде ккеялъул ками. Дида бихьулеб буго къо бахъанагӀан нилъер дагъистаналъул халкъал мацӀги биларал жидер хаслъиги гьечӀеллъун лъугьунел рукӀин. ТӀоцебесеб иргаялда щибаб халкъалъ чара гьечӀого цӀунизе ккола гӀаммаб литературияб мацӀги гьелъул диалекталги. МацӀ буго миллаталъул хазина.

Дица байбихьана лезгиязул литература лъазабизе, машгьурал шагӀирзаби рагӀизаризе. Дун хӀайран гьаюла дирго рахьдал мацӀалъул рекъеялъги слогалъул берцинлъиялъги. Гьединго дица байбихьана гьел асарал гӀурус мацӀалде руссинаризеги. ГӀемераб жо гьабизе ракӀалда буго, амма гьезул хӀакъалъулъ жакъа бицинаро…

**- Раида, дуца, гьеб киналдаго тӀадеги, батӀи-батӀиял сайтазда гӀемераб жамгӀияб хӀалтӀиги бачунеб буго…**

- Кинабго байбихьана интернет баккаралдаса. Гьеб буго гӀадамазул хурхеналъе кӀудияб кумек, хасго жидерго ракьалдаса ва гӀадамаздаса рикӀкӀаде ккаразе. Гьезулгун бухьен кидаго къваригӀунелъулха… Нужеда лъала гури лезгиязул миллат кӀиийиде бикьун букӀин ва гьез гӀумру кӀиго батӀияб пачалихъалда гьабулеб букӀин: цо бутӀа буго Россиялда, кӀиабилеб – Азербайджаналда. Гьелда бан лъугьун руго цӀакъ гӀемерал квал-квалалги. Гьединлъидал киналго лезгиязда гьоркьоб интернет хӀалтӀизабизе щвей буго кутакалда кӀудияб кумек. 2008 соналъ «Одноклассники» - йилан кутакалда машгьураб жамгӀияб гьиналъул батӀи – батӀиял къокъабазда дица байбихьана лезгиязул культураялъул, тарихалъул, гӀадатазул бицарал макъалаби тӀиритӀизаризе.

Гьедин баккана лезгиязул машгьураб «Лекьермакан» абураб информациялъулаб къокъа. Раида Ревшан (литературияб тӀокӀцӀар) йикӀана гьеб къокъялъул администраторлъун. Рахьдал мацӀ машгьурлъизаби мурадалда, гьенир чанго соналъ тӀоритӀана «Нижеца гьунар тӀокӀал ралагьулел руго» абурал поэзиялъул конкурсал. Проекталъул мурадлъун букӀана гӀун бачӀунеб гӀелалда гӀагараб мацӀ лъай. Гьеб конкурсалда гӀолохъаби гьираялда гӀахьаллъулелги рукӀана. Хадуб гьеб хӀалтӀи гьабизе бйбихьана цогидал къокъабазги. Раидал хӀаракаталдалъун лезгиязул гӀолилазул гӀагараб мацӀалде ва поэзиялде рокьи бижизе лъугьана.

Жиндирго иш-пиша цояй Нарима АхӀмадовагун цадахъ, Раида Ревшаница босулаан онлайн-интервью ва гьенир гӀахьал гьарулаан лезгиязул машгьурал гӀадамал. Гьез гӀемераб хӀалтӀи гьабуна къваригӀараб материал бакӀаризе, «Лекьермакан» къокъаялда цебе рагьана баяназул банк, гьенибе бакӀарана лезгиязул миллиябгун маданияб ирс, тарихиял темабазда гӀуцӀана гӀемерал альбомал, къанагӀатал сураталгун аннотациялгун ва иллюстрациялгун.

Раидал макъалаби гьираялда рахъула газетаздаги. ГӀагараб мацӀалда, адабияталъул, маданияталъул ва щигӀриял суалазда тӀасан гьелъул макъалабазул кӀвар букӀуна жамгӀияталъе. Гьел макъалабазухъ Раида Ревшание щвана «КРАЦ» газеталъул премия. КӀудияб хӀаракатчилъи бихьизабуна гьелъ Россиялъулги Азербайджаналъулги литературиял бухьенал щулалъизариялъе. Гьей ккола «Алам» абураб улкабазда гьоркьосеб журналалъул редколлегиялъул член ва мустахӀикълъана гьеб журналалъул ХӀурматияб шапакъаталъеги.

Интернеталда «Раида Ревшан» цӀар гӀезегӀан машгьураб буго. Лезги мацӀалъул, литератураялъул, поэзиялъул ва прозаялъул хӀакъалъулъ гьелъ хӀадурарал берцинал видеороликал ратула Ютуб-каналалдаги.

**- Гьадинго рекӀелгьеялъе гьабулеб хӀалтӀийищха дур гьеб?**

- Гуро. Гьеб буго рахьдал мацӀ машгьурлъизабиялъул мурадалда гьабулеб хӀалтӀи. Гьанже тӀахьал цӀалулел гӀадамал дагьал гурони гьечӀо, гӀемерисез заман тӀамула интернеталда. Гьединлъидал пикру ккана кучӀдул макъназдаги лъун видеоял гьаризе. Гьелъие дица босизе ккана хасаб программа-студияги. Гьанже дица эркенго гьарула видеоклипал. Гьеб хӀалтӀуде дица цӀана шагӀир Билал Адиловги диктор Руслан Шейдаевги ва гьес цӀалулаан дир клипазда кучӀдулги. Хадуб хӀукму ккана жиндирго кучӀдул живго Билал Адиловас цӀализеги. Йохарай йиго кучӀдузул клипал гьариялъе дир бижараб пикруялъул рахъ цогидал сайтазул гӀахьалчагӀаз кквеялдасаги.

Дагьалъ цебе Дагъистаналда тӀоцебе тӀобитӀана лезги мацӀалда тӀолазулго диктант хъвай. Гьединабго диктант хъвай Астраханалда тӀобитӀиялъе кутакаб хӀаракатчилъи бихьизабуна Раида Ревшаница.

- ВатӀаналдаса рикӀкӀалъидал лъала чиясда жиндие гӀагараб ракьалъул хиралъи, - илан абуна гьелъ, - жидерго мацӀги, маданиятги, тарихги цӀуниялъ гӀадамал гьункизарула. Астраханалда буго лезгиязул Конгресс, амма цо абиледухъ цебетӀей гьечӀо гьелъул хӀалтӀулъ.

Раида Ревшаница хӀалбихьана киналго гӀахьаллъараб диктант хъваялъе хӀадурлъи гьабизе ва бажарана ракьцоял рагьа-рачаризаризе. Гьениб бихьана гӀадамазул жидерго мацӀ ва культура цӀунизе гьира букӀин. Гьелъул чӀахӀиял планал руго миллияб маданиятги машгьур гьабун, лезгиязул адабиятгун гӀадатал гӀатӀидго рагӀизаризе ва миллияб хаслъи цӀуниялъе кумек гьабизе.

*«Умумуз нилъее тараб бечелъи цӀунизе нилъеда тӀадаб буго. Дие цӀакъ бокьилаан ВатӀаналде ва халкъалде рокьул асар киназулъго букӀине» - ян абуна гьелъ. Дидани ракӀалде ккана, гьей загӀипай чӀужугӀаданалъул бугеб бечедаб ракӀги къвакӀараб хасиятгийилан. ГӀумру гьабун ВатӀаналдаса рикӀкӀада йигониги, гьей жинда ва жиндир заманалда барахщулей гьечӀо, гьединабго рокьи ракьцоязулъ бижизабизеги. Гьединазда абулеб батила «рекӀелъ цӀа бугелилан». ЦӀа гӀадинаб рокьи буго Раидал ВатӀаналде, гӀагараб мацӀалде, жиндирго халкъалде. Гьединал гӀадамал ругебгӀан мехалъ букӀина ВатӀанги, миллатги, мацӀги…*

**Нариман ГӀАБДУЛОВ**

# КАВКАЗ

## Иван БУНИН



2020 соналъ Россиялда кӀодо гьабизе буго гӀурус литератураялъул классик Иван Бунин гьавуралдаса 150 сон тӀубай. Россиялъул президент Владимир Путинил Указалда рекъон классик кӀодо гьавизе вуго «гьес ватӀаналъул ва тӀолабго дунялалъул культураялда тараб кӀудияб лъалкӀалъухъ» - илан лъазабуна ИА ТАССалъ.
Иван Бунин гьавуна 1870 соналъ Воронежалда дворяназул бечедаб гуреб хъизаналда. КучӀдул хъвазе гьес байбихьана жеги гимназиялдаго. Гьесул тӀоцебесеб сборник басмаялда бахъана 1891 соналъ. Гьеб заманалда байбихьана гьес прозаялъул хӀал бихьизе ва раккана «Антоновасул гӀечь», «ЦӀияб нух», «ЧӀегӀерракь» абурал асарал. Бищунго лъикӀ къабул гьабураблъун ва тӀоцебесеб машгьурлъи Иван Буниние босун бачӀараблъун лъугьана гьесул «Росу» абураб повесть.
1917 соналъ революция бергьинегӀан гьев улкаялъул политикаялде гъорлъе лъугьун вукӀинчӀо, амма гьелдаса хадуб, цӀияб тӀалъиялъе рокьукълъи загьир гьабиялда бан, Франциялде гочине ккана.
КъватӀир хъвана гьес гӀемерал цӀар рагӀарал асарал, гьезда гьоркьоб «Арсеньевасул гӀумру», «БецӀал аллеял». Революциялъул хӀакъалъулъ «Балагьал къоял» абурал хъвай-хъвагӀаяз гьев цӀакъго машгьурлъана.
Улка тун къватӀире арал ва цебесеб Россия беццулел хъвадарухъабазда гьоркьов Иван Бунин рикӀкӀунев вукӀана бищунго лъикӀавлъун. Гьес жиндир асарал цӀалулеб мехалъ, гӀенеккарал эмигрантал гӀемерисел гӀодулаан.
1933 соналъ Иван Буниние щвана Нобелил премия. Гьев хвана 1953 соналъул микьабилеб ноябралда. Вукъун вуго Парижалда гӀагарлъухъ бугеб Сен-Женевьев-де-Буа хабзалалъ.

Москваялде щведал, дун цӀогьохъего рещтӀана Арбаталда аскӀоб бугеб цо гьитӀинабго къотӀнов ва туснахъчи гӀадин чӀамучӀго заман тӀамулев вукӀана – гьелъулгун цо дандчӀваялдаса цогидаб дандчӀваялде щвезегӀан. Гьей дихъе лъабго нухалъ ячӀана ва щибаб нухалъ, гьал рагӀабигун, хӀалакун яккулаан жание: - Дун гӀицӀго цо минуталъ… Рокьи ккарай гӀаданалъул букӀунеб гӀадаб дангъва букӀана гьелъул гьурмалъ. КӀалъалаго гьаракьги унаан къун. Цебе ккараб бакӀалде зонтикги реххун, гӀедегӀун гьурмадаса пардав борхун гьелъ къвал барабго, дида гурхӀелалъ ва хӀайранлъиялъ сири балаан. – Дида ккола, - ян абулаан гьелъ, - дов сунда вукӀаниги щаклъулев вугин, гьесда щиб букӀаниги лъалеб батилин, - щиб лъалеб, дир столги рагьун, кинаб бугониги дур кагъат цӀализе щун батизеги бегьула…. Гьес бокьараб жоги гьабизе бегьула, согӀаб хасияталъул чи вуго. Цо нухалъ гьес дида битӀахъего абидалха: «Дун сундухъгӀаги балагьизе гьечӀо дирго росасул ва офицерасул къадру цӀунулаго!» - ян. Гьанже гьес байбихьун буго дир щибаб галуда хадуб хал ккезе. Гьединлъидал, нилъ мурадалде щвеялъе, дун цӀакъ цӀодорго йикӀине ккола. Гьев разилъун вуго дун йиччазе. Дица гьев божизавун вуго ралъад ва юг бихьичӀони дун хвезе йигилан. Аллагьасе гӀоло, сабру гьабе!
Нижер планалда рекъон: цо поездалда рекӀун ниж ине кколаан кавказалъул ралъдал рагӀалде, ва гьениб кинаб букӀаниги гӀалхулаб бокӀонги балагьун, лъабгоункъо анкь цадахъ базе ракӀалда букӀана. Гьеб рахъ дида лъалаан, кидаялиго гӀолохъанаб мехалда Сочиялда гӀагардехун тӀамун рукӀана къоял. ГӀумруялъго ракӀалда хутӀана дол чӀегӀерал кипаросазда гьоркьор, квачарал ва хъахӀилал карачалабазухъ балагьун арал хасалихълъиялъул сардал… Гьей кьертӀун лъугьунаан дица: «Гьанжейин абуни нилъ гьенир цадахъ рукӀина гӀалхулал рохьахъ ва гьалагаб ралъдахъ…» - илан абидал.
Гьеб мурадалде щвеялда ниж божулелго рукӀинчӀо ахирисеб минуталде щвезегӀан – нижеда гьелдаса кӀудияб талихӀ букӀинарин ракьалдайилан кколеб букӀана.
Москваялда ралел рукӀана квачарал цӀадал, рииги лъугӀун, тӀокӀаб хинлъиялда щаклъи букӀана. Сверухъ кинабго кьерукъго ва биччун… зонтикалгун рекерулел гӀадамал… Вокзалалде унелъул диль рахӀатхвейги, квачги, хӀинкъиги жубан букӀанин ккола. Платформаялда дун лъалхъичӀо, пальтоялда жанибе гьумерги ккезабун, гӀодобе шляпаги цӀан векерана. Цебеккунго заказ гьабураб, тӀоцебесеб классалъул гьитӀинабго



купеялъуб, тIохде балеб цIадалъул хъуй рагIулеб букIана. Дица хехго гIодобе биччана горда бараб пардав ва хъахIаб фартукалъ биччараб кверги бацIцIунаго, дир къайи баччарав чи къватIиве лъугьаравго, нахъасан нуцIа рахана.

Хадуб, дагьабго пардавги рагьун къватIиве валагьидал, гьенир, вокзалалъул загIипабго канлъи кьолел фонаразукь, цере-нахъе хьвадулел батIи-батIиял гIадамазухъ валагьун хутIана.

*Нижер къотIи букIана дун вокзалалде кIварабгIан цеве вачIине, гьейин абуни ячIине кколаан кIварабгIан ватIун, цоцазда данде ккечIого рукIине.*

Гьанже гьей ячIине заманги щун, дун гьелъухъ хал ккун вукIана. Кьабуна кIиабилеб цIумур – дун гьелъул гьаркьихъе тIуркIана: кватIун ятизе ккола, яги гьес йиччан ятиларо ахирисеб минуталъилан паркъана пикру!

Гьеб лахIзаталъ дида бихьана гьесул борхатаб лага, офицерасул картуз ва къваридаб шинель. ГIатIидал галаби тIамун вачIунев вукIана гьес лакайдул квердаххел хураб квералъ ккун букIана гьелъул рукь. Гьел рихьигун дун гордохъа нахъе кIанцIана ва диваналъул бокIнилъе вортана. АскIоб букIана кIиабилеб классалъул вагон. Дида цебе тIамулеб букIана, гьев гьейгун гьениве жаниве лъугьунев, жанибе бачIараб гьелъул къайиялъул лъикI халги гьабулаго, квердаххелалги рахьун, гьелъул надалда къочулев, каранда кверал тункун какал ралев… Гьедин вукIаго, кьабураб лъабабилеб цIумуралъ гIинкълъизавурав дун, поезд багъарулаго тIуркIана. Къайиги жанибе босун, гьей дихъе ячун вачIарав кондукторасул кисиниб дица цIорораб квералъ анцIигогъурщилаб кагъат къазабуна…

Жание лъугьиндал гьей дида къочичIо ва диваналда кIусулаго хIеренго гьимана. Шляпаги бахъун, расги рекъезабун гьелъ абуна: - Дида кIалдиб жо лъун бажаричIо жакъа. ХIинкъун йикIана гьаб захIматаб роль ахиралде щвезегIан хIазе бажариларилан. ЦIакъ къечонги йиго. ТIе дие Нарзан. Лъала гьев дида хадув вачIуневлъи. Дица гьесухъе кьуна кIиго адрес, Геленджик ва Гагра. Лъабго-ункъо къоялдаса гьев Геленджикалде щвезе вуго… ВачIа абе, хвезего лъикI гьаб гIакъубаялда йикIиналдаса…

Радал поездалъул коридоралде ваккидал, гьениб бакъги щун хинго бугоан, уборниялдаса бачIунеб бугоан сапуналъул, одекалоналъул ва цогидалги гьенир хIалтIизарулел жалазул махI. Гордухъан балагьун бихьулеб букIана гIатIидаб гIалах, хIурулал нухал, чуязул гьакал, толел рукIана нахъе маххул нухалда ратулел будкаби, минаби, пастIаби, хурзал… РикIкIада бихьулеб букIана ргIа-ракьан гьечIеб гIалах, гохIал, багIарун щвараб бакъ, роцIараб зоб. Хадур рихьизе лъугьана мугIрул…

Геленджикалдаса ва Гагралдаса гьелъ гьесухъе ритIана открыткаби ва хъвана кий рещтIинеяли жеги лъаларилан. Хадур ниж ралъдал рагIал ккун гIодоре югалдехун ана. Гьениб нижеда батана чияс хIетIе чIечIеб гIадаб, чинаридул гъутIбузги, тIегьалел хъархъазги цIураб, багIараб гъветIги, магнолияги, гранаталги, пальмабиги кипарисалги ругеб бакI…

Дун цудунго ворчIулев вукIана, гьей чай гьабизегIан кьижун йикIунаан. Гьеб нижеца гьекъолеб букIана сагIат анкьгоялда. Гьелде щвезегIан дун тира-сверулев вукIунаан рохьил рацIцIалъабазда. Бакъ букIана бухIун щун. Рохьоб букIана гьогьен. Гьенисан ралагьун рикIкIада рихьулаан мугIрул тIогьал… Рокъове дун вуссунаан дагьабго тира-сверун, росдал базаралдасан. Гьениб радалисаго гьабулеб букIунаан даран, гIадамал рукIунаан гIемерал, гьез къайи бачIунаан чуязда ва хIамузда лъун. Базаралде рачIунаан батIи-батIияб бакIаздаса гIадамал. Рихьулаан халатал чIегIерал гурдал, багIарал мачуял ретIарал ва ботIрода чалма бухьарал чергесал черкесазул мусудулги.

Хадур ниж унел рукIана ралъдахъе. Ралъдал рагIал кидаго гIадин чIобого букIунаан ва нижеца бакъалда регун, чвердон инабулаан радалил кванде щвезегIан заман. Бежараб ччугIа, хъахIаб чагъир, цIулакьо ва пихъал рукIунаан радал кваназе. Нижер тIуцаб, тIад щегI ккураб, канлъи жаниб дагьаб гурони баккулареб рокъобе бакъул чIорал щолаан гьелдаса хадуб. Нижеца гордал рагьулаан ва гьенисан ралагьун, кипарисазда гьоркьосан бихьулаан ралъад, гьелъул букIана фиалкаялъул гIадинаб кьер. Шурулеб букIинчIо гьеб берцинлъи, гьеб рахIат кидаго лъугIизе гьечIеб гIадин.

Бакъ тIерхьунеб мехалде, лъедолел гIадин, ралъдада тIад раккулаан хIикматал накIкIал. Гьеб лахIзаталъ гьей тахида егулаан, шарфалъ гьумер бахчулаан ва гIодулаан: жеги кIиго-лъабго анкь – хадубги Москва! – йилан. Сардал рукIана хинал ва кIочонарел, сверухъго рагIулеб букIана чIагояб тIабигIаталъул сас. Сордоялъго къотIулароан киралиго рачунел бакънал, ахIулел кучIдул.

Нижедаса рикIкIада гьечIеб бакIалда букIана гьитIинабго хъитI ва гьенисан ралъдахъе чвахулеб букIана роцIцIараб лъар. Сардилъ моцI баккидал гьеб гьелда жаниб бихьулеб букIана. Цо-цо мехалда сардилъ лъолаан буччун накIкIги, пулаан квешаб гьуриги ва гучаб рохьил бахъунаан рахIат хвезабулеб хъуй. Гьединаб мехалда рохьор ругел рухIчIаголъабиги рорчIулаан ва ахIдезе лъугьунаан. Цо нухалда нижер гордухъе бакIарун букIана гIангразул тIел, - хIинкъигун гIадамазухъе рачIунаан гьел. Ниж гордалги рагьун, цIадукье ккарал гьезухъ ралагьана… Гьей гIодана.

Гьес гьей ялагьулей йикIана Геленджикалда, Гагралда, Сочиялда. Сочиялде щун кIиабилеб къоялъ гьев радалго ралъдалъ чвердана, хадуб мегеж кIкIвана, бацIцIадаб гъоркьан ретIел ва гIазугIан хъахIаб китель ретIана, жиндирго гостиницаялъул ресторуналда кванана, шампанскиялъул шиша гьекъана, кофе гьекъана ва хIалакичIого сигара бухIана. Хадув жиндирго номералдеги вуссун, диваналда вегана ва кIиго револьвералдасан жиндирго къванщиде кьвагьана...

*12 ноябрь 1937 сон*

# СЦЕНАЯЛЪУЛ ХIИКМАЛЪАБИ



**Тумазул Эфенди Капиевасул цIаралда бугеб музыкалиябгун драматическияб театралъул артистка Зульфия Архилаеваль хIайран гьаруна, Грозниялда букIараб, «Гьунаразул меседил мугьал» абураб, анцIила микьабилеб Халкъазда гьоркьосеб фестивалалъул жюриги ралагьаралги. Гьединго Зульфия гIахьаллъана «ТIадегIанаб цIва» абураб телепроекталда, «КечIгун бергьенлъиялде» абураб телевидениялъул конкурсалда, «Кавказалъул гьайбатлъи» ва цогидалги конкурсазда. .**

Абичlого гlоларо фестивалазда ва конкурсазда гIахьаллъизе Зульфияца жеги школалда цIалулаго байбихьанилан. МахIачхъалаялъул №5 школалъул щуйилал къиматазда цIалулей цIалдохъан, гьей гIахьаллъулаан художествиял кружоказда, кьурдулаан, кечI ахIулаан, театралияб кружокалда хIалаан

Амма ясалъул анищ букIинчIо артистлъул яхъине. Школалъу гIидал гьей цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб техническияб университеталде. Амма гIумрудул къисматалъул сверелал ракIалдаго гьечIого хисулел жал рукIуна. Гьелда цадахъ школалда цIаларай ва сценаялда цадахъ йикIарай цогидай яс лъугьун йикIуна ДГУялъул культураялъул факультеталъул актеразул отделениялде. Гьеб факультеталда

**Зульфия Архилаева победитель четырех номинаций XVIII Международного фестиваля «Золотые Россыпи талантов» в Грозном, удостоена Гран-при в двух номинациях: «Народно-стилизованный вокал» за песню «Дышать и жить тобою» Рамазана Фаталиева и «Эстрадный вокал на иностранном языке» за музыкальную композицию из репертуара Уитни Хьюстон на английском языке и I-е место за произведение на военно-патриотическую тематику, обладательница титула «Серебряный голос» за исполнение песни из спектакля «Щаза из Куркли» в номинации «Народный вокал».**

тIобитIулеб тIоцебесеб концерталда гьелъ Зульфияда гьарула жинда цадахъ кечI ахIизе ячIайилан.

– Концерт лъугIарабго дида аскIое ячIана актеразул мастерствоялъул кафедраялъул заведующая Изумруд ГIалиева ва гьелъ дун божизаюна дир къисмат – компьютералда нахъа кIуси гуреб, сцена букIиналда, - ян бицана Зульфияца. – Дун гьелда божана ва ДГТУ рехун тана. Гьеб сон лъугIизегIан хьвадана актеразул махщел цIубазабиялъул дарсазде ва хадусеб соналъ гьение цIализе лъугьана. Гьелдаса ракIги кидаго бухIичIо.

Театралде Зульфия ячIана, тумазул театралъул режиссер Аслан МухIамадовас хIадур гьабураб, «Шунудаг» абураб фестиваль-конкурсалда бергьун хадуй. Доб заманалда ункъабилеб курсалда цIалулей йикIарай гьей МухIамадовас ахIана театралда хIазе. Театралъул художествияб рахъалъул нухмалъулей Бадрижат МухIамадхIажиевалъеги къабуллъана гIолилай.

– Шагьаралда гIурай дир божи букIинчIо тумазул театралъе мацIалъул бажари гIеялда. КучIдул рекIехъе лъазарун ахIаниги, кIалъазе дихъа бажарулеб букIинчIо. ТIадчIун дирго мацIалда хIалтIиялъ, дихъа бажарана хехго лъикI гаргадизеги. Бакънал лъазаризе гьунар бугел гIадамазе мацIалги захIмалъуларел ратила, - ян абуна Зульфияца.

– Дун бачIинахъего чанго спектаклялда хIазе ккана. КIиго актриса лъимер гьабизе отпускаялде ун рукIиналда бан, аслиял ролалги кьуна дихъе, - ян елъана Зульфия. – Дица гьеб къабул гьабуна дир къисматалъул сайгъат гIадин.

Зульфияца театралда хIараб тIоцебесеб роль букIана Наталья Капиевалъул «ЛъугIичIеб магIу» абураб постановкаялда. Хадуб гьей хIана «МуртазагIали-хан» ва «Камалил Башир» абурал спектаклязда.

Бищунго кIвар бугеб, анищлъун букIараб, пархун бачIараб кунчIи гIадаб ва гьелдаго цадахъ дагьаб мистикияблъун букIана гIолохъанай актрисаялъе, Богдан Петкаинил «Гамлет» постановкалда, Офелиял роль. Шекспирил героиняялъул роль хIазе гIемерисезул букIуна анищ, амма киназулго гуро тIубалеб. Гьеб ролалъухъ актрисаялъе щвана Кабардино-Балкариялъул ХIурматияб грамота.

– Баянаб букIахъе, гIемерал артистаз ролал хIан хадуб, гьел персонажазул къисмат такрар гьабула. Гьедин гIадин ккана дирги. «Гамлеталда» тIад хIалтIулелъул цо ричIчIизе кIоларел лъугьа-бахъинал кколел рукIана: гьеб мехалда нагагьаб балагьалдалъун хвана эмен, камуна кIодоэбел. Репетициязде дун ячIунаан чIегIербан, дирго героиня гIадин.

Ккана цоги гьадинаб лъугьа-бахъинги. Премьералдаса хадуб нижее чанго гIодобкъо кьун букIана, дир гьира ккана ралъдахъеги ун, тIуянго лъелъ юкъизегIан гьелъул тIиналдасан йилълъине. Офелиял ролалъулги цересел чагIи камиялъулги асар букIун батилин диеян тана гьеб дица. Гьанкъиялъул хIинкъи дие кигIан гьитIинабги букIинчIо! Гьаругьин уней йикIана лъелъе… ва циндаго гьалмагъалъул хIинкъараб зирххараб гьаракьалъ дун рекIеде ячIинаюна.

– Дицаго хIалел ролазде жание цIакъгойищ дун унеяли, «МуртазагIали-хан» абураб спектаклялда, аслияв героясул ясалъул роль хIалаго, кагътил гьабураб нус хъварабго, унго-унгояб нус къазабураб гIадин хIунсана дир рекIеда ва бераздаса канлъиги босун гIакълуялдаса ана. Залалъ чIвалеб хъаталъ рекIеде ячIана ва кингIаги гьанже дун гIодое къулизе ва тIугьдул къабул гьаризе тIаде яхъинейилан ургъел чIвана.

Зульфияца бицана гьединал сценаялъул хIикмалъаби театразда цохIо жиндир гурелги кколилан. Цо нухалда премьера байбихьилалде сценаялъул жанисеб пардав цIан бачIунарого букIанила, бащдабги рагьун чIанила гьеб. Театралъул хIалтIухъабаз кигIан хIаракат бахъаниги кIвечIила гьеб рагьизе… Циндаго тIаде ячIанила театралъул художествияб рахъалъул нухмалъулей Бадрижат Набиевна ва: «Щай жеги спектакль байбихьуларeб?» - илан гьикъанила. Жидеца гьелда бицанила бугеб гIилла ва, гьелъул бер кIутIарабго, пардав букIине кколеб хIалалъ жибго рагьун бачIанила. Гьебги букIанила сценаялъул хIикмалъи. Гьей нахъе унаго, пардав цIидасанги къанила ва нахъе юссун гьей ялагьидал – цIидасан нухда





билълъанила. Гьеб мехалда байбихьанила спектакль.

– Гьединал жал гIемер рихьун, дун божула сценаялъул жиндирго хIикмалъаби рукIиналда. Амма хвел хIазе ва сценаялда хвезе хIинкъуларо. Дица гьединал ролал къабул гьарула дирго актералъул къисматалъул драматикияб рахълъун, - ян абуна Зульфия Архилаеваль.

Зульфияца бицана жий балеталъул ва операялъул сцена квегъизеги, хоралъул солисткалъун яхъинеги хIадурлъулей йигилан. Гьанже гьеб коллективалда хIалтIулев вуго Зульфиял рос АхIмад Архилаев, гьес макънал рачуна симфоническияб оркестралда контрабасалда.

– Интернационалияб хъизан буго нижер. Рос ккола даргияв, дун тумай. Рос вуго музыкант – виртуоз, гьес чанго бат1и- батIиял инструментазда рачуна бакънал: акустикиялги, электрическиялги, соло ва бас.

Дида бичIчIана артистазул къисмат гIемериселъ релълъараб букIунеблъиги. Гьале, АхIмадги ракIалдаго гьечIого ккун вуго гьеб оркестралде музыкантлъун - гьалмагъасухъа гьасие контрабасги щун буго, ансамблялда гьеб хъвалев чияce бакIги батун буго. Гьеле гьедин гьенивго хутIунги вуго.

– Дир якьадги ккола пианистка, гьелъ жиндирго лъималаздаги малъун буго нотаби цIализе ва инструментазда хIазе. Гьелде тIадеги АхIмадица лъугIизабуна музыкалияб школа. Хадуб эбелалъул гьариялда рекъон босана юридическияб лъай - жидер хъизаналда киналго юристал рукIаниланги абун: кIудада – федералияв судья, имгIал – следователь, эмен – криминалист.

Юридическияб факультет лъугIизабуниги, АхIмадие, диего гIадин, хирияб батана искусство. - Нильер республикаялда хIажатго гьечIел юристал гIемер руго, пайда босичIого тарал музыкантаздаса, - ян гьимана Зульфия ва хадубги тIаде жубана, жидер хъизаналда унго-унгояб цоцазда ричIчIиги, киналдехунго релълъараб балагьиги бугилан. Аслияб хIалтIудаса тIечIого гьарурал ясазе тарбия кьеялъул суалазда тIасанги ниж цоцазда ричIчIулилан абуна гьелъ.

– Дица кIудияй яс гьаюна «Гамлеталдаса» хадуй, - ян бицана Зульфияца, - гьей йиго дир хIадурай артистка. Гьелъул соназда дун нечарай къарай йикIана. Яс гьаюн бащдаб лъагIалидасан дун хIалтIуде яхъана ва «Тавбу» спектаклялда роль хIана. Гьелдаса цо лъагIел сверулаго гьаюна кIиабилей ясги.

Зульфияца кIудияб баркалаялъул асаргун бицана, гIолохъанал рослъади актеразе спектаклязда ролал хIазе ва хIатта гастролазде ине ресги кьун, лъималазул тIалаб гьабулей жиндирго эбелалъул хIакъалъулъ.

– Дир эбел-эмен творчествоялъул гIадамал гуро. Эмен хIалтIулев вукIана энергетикияб компаниялда, эбел даран-базаралда. Ниж киналго руго Кули районалдаса, гIумру гьабун руго МахIачхъалаялда. Дир кIудада Бадави Мусаев «Лезгинка» ансамблялъул солист вукIана. Гьев вуго гьеб машгьураб коллектив гIуцIулезул кьердаса цояв. Гьелде щвезегIан кIудада хIалтIун вуго Дагъистаналъул миллиял кучIдузул ва кьурдабазул ансамблялда артистлъунги. Гьанже гьеб ккола ансамбль «Дагъистан». Гьесухъа щвараб батила диеги артистлъиялъул гьунар. Дир йиго гьитIинай яц Зарема. Гьей цIалулей йиго ДГИНХалда, лъазабулеб буго ингилис мацI.

***Дица Зульфияда гьикъана Офелиял роль гуреб, цоги лъил роль дур ракIалъе гIагараблъун ккарабилан. Гьелъ абуна жиндие гIагарай йигила, спектаклялда жинца роль хIарай, Курклиялдаса шагIир ва кочIохъан Шаза. Гьелдаса мисал босизе бегьулила, дица гуребги, киналниги руччабазги.***

**Виолетта РАТЕНКОВА**






# ЩИБ ЖОХА ККОЛЕБ ТАЛИХI?

«Дун кидаго гъираялда цIалдолаан… Гъебги рессариго гIадинаб жо буго: кIичIалда кIичI балеб, - абун гьимана Назима Улчибекова, - гьениб дие кумекалъе чIола, гьитIинаб мехалдасаго нахъе куцараб, цо иш тIадчIун рагIалде бахъинабизе кIвей ва хIасил ккезе бокьи».

Лъималазда гьоркьой бищун кIудияй гьей кидаго лъикI цIалулаан, халичабиги рессулаан. Эбел-инсулги гьелде бищунго кIудиялде гIадин хьулги мугъчIвайги букIунаан.

- Росулъ гIумру гьабизе бигьаго букIунаро, - ян абуна Назимаца, - гьениб цадахъ бачине ккола магIишатги хъизанги. Дун гьаюна Хив районалъул Цудук росулъ. Табасараназул хъизаналин абуни рукIуна кIудиял, лъимал гIемерал. Бихьинал гIемерисел бетIербахъиялъе сезониял хIалтIабазде къватIире уна, руччабаз рокъор халичаби рессула. Гьедин дир эбел Марият ГIабдулхIалимовалъги тIолабго гIумру гьеб ишалъе кьуна. Эмен ГIабдулкъафар Эфендиевич вукIана унго-унгояв бакънизул устар, гIенеккарал хIайран гьаруледухъ бачунаан чанго батIияб музыкалияб алаталда бакъан. Гьев хIалтIулаан школалда ва гъираялда жиндирго махщел лъималазухъеги кьолаан.

Назимада ракIалде щвана, жинцаго эбел-инсуе рокъобги къватIибги гьабулеб букIараб кумек, хъизанго тIаделъун сумахъал рессулел рукIараб заман.

- Кунал нижерго рукIана, эбелалъги кIодоэбелалъги гьел релъунаан «чIагоял» релъабаз. Гьезда лъалаан гIадатияб тIабигIияб релъен лъугьунел хурдул. Хурдузул релъаби синтетикиял релъабазде дандего ккезе бегьуларо, хIатта цIакъго лъикIаздагицин, - ян абуна Назимаца, - ва гьединаб «тIабигIияб» халича гьабиялъе чанго моцIги къваригIуна.

Гьединлъидал нижер рокъоса гьалбалги камулел рукIинчIо, табасараназул хъизанал кутакалда гъункарал, цоцалъ журарал, цоцазе кумек кIудиял рукIуна ва гьелъулъ батизе бегьула гьезул хаслъиги.

Гьанже районалда халичаби рессулел фабрикаби ругищилан гьикъидал, гьелъ рикIкIана Межгюлалда ва Кандыкалда хутIарал. БукIанила гьеб Цудукалдаги, 90 соназда къанила ва гIадамалги хIалтIи гьечIого хутIанила.

- Дагъистаналъул росдал магIишаталъул Академиялде цIализе лъугьиналъе гIилла щибха букIараб? – абун гьикъана дица Назимада.

- Инсуе бокьун букIана дун ракьалдаса тIечIого йикIине, дицаги хIисаб гьабуна агротехнологиялъул ва товароведениялъул факультет букIинесеб хIалтIуе бищунго пайдаяб букIинилан. Гьелдаса кигIанги ракIги бухIичIо. Нижер вузалда гьадинго гуро лъай кьолеб, гьенир студентал ругьун гьарула гIелмиябгун цIех-рехалъулаб ишалъеги. Дунги, ракIалдаго гьечIого, ккана гIелмуялде гьоркьое, щуйилазда вузги лъугIизабун ана аспирантураялде. Гьенибин абуни битIккана, гIелмияв нухмалъулевлъун ккана росдал магIишаталъул гIелмабазул доктор, профессор, МукагIил МукагIилов ва гьес кумек гьабуна заманалъул тIалабазда рекъараб тема тIаса бищизе.

Назимаца бицана диссертациялъул «Оптимизация технологии замораживания ягод земляники и производство продуктов, сбалансированных по биологической ценности» абураб тема бугила республикаялда гIезарулел нигIматал цIуниялъул ва

гІадамазухъе щвезабиялъул ишалъе кутакалда хІажатаб тема.

Нилъехъ гІезарулел пихъазулгун овощазул ва цогидалги нигІматазул кьучІалда цІиял нигІматал гьаризе бажари бугила дагъистаниял аграриязда цебечІчІараб масъалагиян абуна гІалимчІужуялъ, ва гьелъ рес кьезе бугила нилъехъ гІемер отраслязулаб магІишат цебетІезабиялъе. Гьениб кІвар бугеб ишлъунги гьелда бихьулеб буго, магІарухъ рацІцІадал нигІматал гІезаризе рес букІин ва гІалхулал пихъаздаса пайда босизе щолеблъи. Гьел нигІматал цІунизе ва къачІазе бажарулел магІишаталин абуни нилъер республикаялда гьечІила. Гьел рагьизе бажарани, нилъехъ гьаризе бегьулила лъималазе диетическиял ва спорталъулал кванил нигІматалги.

Назима божарай йиго росдал магІишаталда хІалтІизе цІиял ва жигарал специалистал рачІани, гьеб рахъ лъикІго цебетІезе букІиналда, нилъер заманаялъул аграриял комплексал гІезе рукІиналда ва гьез гьарзаго кванил нигІматал гІезаризе рукІиналда.

Дица гьикъана, жакъа гІелмуялда тІад хІалтІизе гьира бугел магистрантал гІемерал ругищиланги. «ГІемерисел гьел гІелмуялде тІаделъизе хІалакунел гьечІо, магистратуралдаса гІалимчилъиялде нух халатаб ва захІматаб букІиналда бан. ТІаса бищулеб буго жидее щвараб лъаялдаго хурхинчІеб бизнес», - ян жаваб кьуна гьелъ. - Гьебго заманалда, щоларо лъай бугел агрономал, агрохолдингазда харжал гІезегІанго лъикІал ругониги.

Назимаца бицана гІолохъанал гІалимзабаз пачалихъалъул гІелму цебетІезабиялъе гьабулеб гІемераб хІалтІиялъул, тІуразарулел программабазул. КІиабилеб курсалда аспирантураялда ругезе грантазулаб хІалтІуе щолеб буго миллионгун бащдаб. Гьединго гьезие грантазулаб кумек гьабулеб буго РФФИялъ, РНФялъ, гьитІинаб ва гьоркьохъеб бизнесалъул Фондалъ, «УМНИК» программаялъ ва цогидазги.

Цадахъ хІалтІулезул гІелмияб цІех-рех Назимаца рикІкІунеб буго нилъер пачалихъалъул букІинесеблъун. ГІелмияб кандидатлъи гьелъ цІунун буго 26 сон бараб мехалда, 50 макъала бахъун буго ВАКалъул журналазда, жигараб гІахьаллъи гьабулеб буго регионалда тІоритІулел, тІолгороссиялъул ва халкъазда гьоркьосел гІелмиял конференциязда.

Назима Улчибекова ккола Минсельхозалъул заказазда рекъон пачалихъалъул гІарац хІалтІизабиялъул темаялъул разделалъул жавабияйги, гІелмиябгун инновациялъулаб нухмалъиялъул управлениялъул начальникасул заместительги, Дагъистаналъул, М. М. Джамалудиновасул

гъункараб хъизаналде. Росасул эбелинсулги дидехун хинаб бербалагьи буго, гІумруги нижеца гьелгун цадахъ гьабулеб буго. Риидал, гьел росулъ ругеб мехальги, дун гьезухъ урхъун йикІуна.

Эдуардилги Назималги буго кІиго лъимер. Эдуардги ккола тарихиял гІелмабазул кандидат, амма хІалтІулев вуго батІияб хІалтІуда. Назимаца абуна, ахир-къадги гьев жиндирго гІелмияб ишалде вуссине вугилан. – Карьера гьабизейищ? –

**Нилъее битІ ккедалха, нилъеца гІумру гьабулеб буго гІемерал миллатазул, тІабигІат берцинаб, гІадатал лъикІаб республикаялда. ЦохІо Табасаранaлде щвани гІола гьеб кинабго бихьизе. ГІадамазулгун щибаб дандчІваялъ рагьула гІумруги, гІамал-тІабигІатги, тарихги. Киналъулго батула цебеселъулгун щулияб бухьенги. ГІолохъабазда лъазе ккола нилъер умумузул бахІарчилъи-къвакІиги, гьезул ВатІаналде букІараб рокьиги, гьез росарал бергьенлъабиги, гьарурал гІемерал лъикІал ишалги.**

цІаралда бугеб, пачалихъияб росдал магІишаталъул университеталъул гІелмияб отделалъул начальникги. Гьелъие щун буго Америкаялъул ва халкъазда гьоркьосеб Северияб Кавказалда росдал магІишаталъул цебетІеялъе квербакъулеб компаниялъул грантги, гьединго «Архимед» абураб, Зворыкинил проекталъул номинантлъунги йиго гьей.

Назима Улчибекова йикІана республикаялъул гІолохъанал гІалимзабазда гьоркьосеб, щибаб сонилаб «ЛъагІалил гІалимчи – 2016, 2017, 2018» конкурсазул финансистлъунги. Гьеб конкурс буго "ТІабигІиял гІелмабазул» мухъалда тІобитІулеб ва республикаялъул Лъайкьеялъул министерствоялъул хІаракаталдалъун хІадур гьабулеб тадбир. 2019 соналъ гьелъие, гІелмиябгун педагогикияб хІаракатчилъи бихьизабун, республикаялъул «ХІурматияб грамота» щун буго.

Дица Назимада гьикъана, кингІаги дур къо унебилан. Гьелъ гьимун жаваб кьуна: «Лъалищ, дица кинабго гьабула гьираялда. Бокьулеб ишалда къо кин арабалиги лъаларо, хІалтІиги захІмалъуларо».

– Дун йиго талихІай гІадан, - илан мукІурлъана Назима, - рукъалде ккана табасараназул кІудияб ва

илан гьикъана дица. Гьелъ жаваб гьабуна, гІелмуялда цІар гурила кІвар бугеб жо, букІине кколила гьабулеб ишалъул хІасил.

- Нижее хасиятаблъун буго хІалтІул хІасил тІалаб гьаби, хІалтІун лъикІаб гІумру гьабун бажари, нижее щибго зодосан реххун бачІунаро.

Бихьулеб букІахъе, нилъер героинялъе гІемераб бечелъи къваригІун гьечІо ва гьелда бечелъи бугин талихІиланги кколеб гьечІо.

– Дун абизегІан нилъер заманалъул гІадан ятиларин ккола, - ян абуна гьелъ гьимулаго, - буголъи букІине ккела, амма бечелъи гуро гІумрудул мурад.

– Щибха кколеб талихІ, дур хІисабалда? – абун гьикъана дица.

– Нильго нилъедасаго рази рукІин, - илан абуна гьелъ, ургъичІого.

Дида бихьухъе, Назимада гьеб суалалъе жаваб цебего батун буго. Табасараназул хъизаназда гІемераб буго нилъеего къабул гьабизе бегьулеб жо. Сундасаго цебе гьеб ккола хъизаналъул щулалъи ва гІагарлъиялъул цолъи.

– Нижер буго кІиго лъимер, микьго сон барай ясги,ункъо сон барав васги. Дие бокьун буго лъималазда бихьизе нижер хъизан-агьлуялда гьоркьоб бугеб гьуинлъи, хІалае рати, захІмат

бихьун, цадахъ лъугьун бацIцIадго магIишат гьаби, хIалтIи-иш тIубазаби. Гьеб буго кIвар бугеб жо. Дир хIисабалда, хъизаналда жанисеб гъункиялъ талихIаллъун гьарула гIадамал.

Божа нуж, дица студентазеги гIемер бицуна гIумруялда хурхараб хабар, - ян абуна Назимаца, - гIун бачIунеб гIелалъул гIумруялде бугеб бербалагьиги, ракIалда бугеб жоги лъазе бокьула дие. Чанги гьезда тIадги рекъола. Дунялалда лъугьунел чIахIиял хиса-басияз гIадамазул гьездехун бугеб бербалагьиги хисизабичIого толаро. Гьелъ гIицIго цIалиялъулги бицун студентал тезе бегьуларо, кумек гьабизе ккола гьезул дунялалде битIараб бербалагьи ва пикру бижизабиялъе. Гьедин гьабичIони, унго-унгоял нилъер республикаялъе хIажатал специалистал гьезул рахъунаро.

Нилъер героиня жакъаго ургъулей йиго киналдай гIела ва щаллъундай рахъина жиндир лъималилан. Гьезда берцин бихьараб гьабизе тезе ругила лъимал жидецайилан абулеб буго гьелъ.

– Росасулги дирги къотIи буго лъимал жидецаго жалго гIуцIулел ва хьезарулеллъун гIезаризе. Нижее бокьилаан киналго лъимал жидерго бажариялда божизе ва жаваб жидецаго кьолеллъун рукIине.

Нилъер МугIрузул улкаги гьадинаб гьайбатаблъун хутIиялъе хIажатаблъунги Назимада бихьулеб буго, щибаб дагъистаналъул миллаталъ жидерго гIадаталги мацIалги цIуни.

– Дир лъималазда рахьдал мацI лъикI лъала. Гьоркьор риччачIого уна гьел табасаран мацIалъул дарсаздеги, бокьула гьезие росулъе инеги, гIемер рагIула жидее доба лъикI бугилан ва цIализеги доба бокьилаанилан абулеб.

***Назима ГIабдулкъафаровналгун дир халатаб хабар ккана. БитIараб бицани дир гьелдехун гьуинаб бербалагьиги бижана. Гьей ятана ракI рагьарай гIадан. Гьелда лъалеб буго гIумруялдаса щиб жиндие къваригIун бугебали ва щиб жиндихъа гьабун бажарулебали. Нилъеца ракI-ракIалъ гьарула гьелъие гьабулеб хIалтIулъ тавпикъ ва рекIел мурадал тIурай.***

**Амина ГIАБДУЛАЕВА**

# Эбел-инсул дагIба

*«Балъгояб дaптар» тIехьалдаса*



Ю. Ханмагомедовасул сурат

Дир эбел йикIана кьварараб хасияталъул гIадан. Бокьараб мехалъ гIадамазе кумекалъе йортизе гIедерайги йикIана. Хехаб кумек щвезе захIматаб журмуталъул мугIрузда гIумру гьабун ругел гIадамазе рокъобго даруги гьабулаан, унтаразда аскIор сардалги рогьунаан. Бер къапичIого бокьараб жо гIадамасда бадибе абизеги нахъе къаларoан. Гьезда гьеб квеш букIиналъул ургъелги гьабуларoан. Гьеб гIамалалъухъ инсуца гьелда «Лъел гьечIеб ханжар» - илан цIаргицин лъун букIана.

Эмен нижер хъизаналъе ва школалда гьесда цадахъ хIалтIулел чагIазе, тIасан кIалъазе рес гьечIев авторитет вукIана. Гьеб киназдаго лъалаан. ЦохIо эбел гурони гьесда данде рагIи абизе кIолев чиго вукIинчIо. ДагIбадизеги гьел кколаан, эбел жиндирго инсул росу беццизе лъугьиндал.

Гьей йикIана аскIоб бугеб росулъа. Жидер гьазизабазул тухумила, кидаго ресалда ругел чагIи рукIанила, росасе инегIан бечедав инсул яс йикIанила жийилан чIоларoан эбел. Эменин абуни, гьитIинго эбел-эменги хун Избербаш шагьаралъул интернаталде ккола.

Цо нухалъ эбелалъ абуна:

- Нижер рокъоб квен гьечIеб, гьеб гIолареб мех букIунароан. Инсул камураб жо букIинчIо. ДагIнил цIаказул турпиги гьарун, гьелги бугIун гьацIул цIезарун, лъабго чода гьелги лъун, Кьанадаса Рилъаве, гьенисанги ЧIараде, ЧIарадасан Гъумекивеги ун, тумазе гьоцIоги бичун, ххамил тупалги росун вуссунаан гьев. Нижер рокъоб букIана лъабго ххамил гурабаца цIураб гъамасги, дир кIудадал инсул заманалдасаго лъиданиги тIину бихьичIеб, цIоросаролъил цIураб лъабго сандукIги. ТIубараб гIиял рехъенги букIана нижер. Кинаб горде тIаса бищилебали лъаларого дун йигеб мехалъ, рихъ-рихъарал экъделалги хадур рехъерхъун рукIана салдисезул ясал.

- Валлагь лъаларо кинал гурдал дур рукIаралали, ракул цIурал галошалги ретIун гIачи речIчIулей йикIарай доярка ячун, дица ретIелги ретIана, кваназеги гьаюна, цIализеги гьаюна, - ян абуна инсуца.

– Нужер бечелъиги цIогьазе щвана. Салдаса Гамщули МуртазгIалил рахай букIинчIебани, малъалда гьоркь жо хутIуларoан нужер.

Дие бугеб интересги бихьун, дидехунги вуссун байбихьана инсуца бицине:

Гамушулиял абураб тухум букIана нилъер росулъ. ГIемери-



сел гьел ЦIоралде гочана. ХутIарал гIатIиракьалде рахъана. Гьел гьанир Дагъистаналдаги руго. Сверухълъиялдаго машгъурав маххул къебед вукIана гьезул кIудияв эмен МуртазгIали.

Цо нухалъ дур эбелалъул инсуца гьесда гьарун буго жиндие кавуялда балеб рахай гьабеян.

- Валагь гьабилаха, - йин абун буго МуртазгIалица, - амма гьелъул багьа кIиго багьаб куй буго.

- Гьеб щиб кутакаб багьа, - йилан ццин бахъун буго ГIабдурахIимил МухIандил. - Кавуялда даларaб маххул кесекалъухъ гьединаб багьа цIехезе нечоларищ мун?

- ВахI, дур рокъоб гьеб куйдул багьаяб бечелъиййищха гьечIеб? БатичIони, кавуялда къоноги бан парахат вукIа. Куйдул багьа гьечIеб бечелъи цIунулеб кавуялда ралел рахаял гьечIо дир».

- БитIараб абун гьечIищха? – ян разиго гьимана эмен дихъги валагьун.

- Валлагь цIакъ битIараб жаваб кьун буго, - ян абуна дица, - Хадуб щибха ккараб?

- МуртазгIалица махсароде кколев вугин живилан, къарумлъиялъ, гьеб рахай босизе кIун гьечIо алъул инсуда. Хадуб рукъги бикъун буго.

- Ле, васав, лъалареб жо бицунге, - йилан гьоркьой жуяна эбел. - Абураб багьаги кьун босана инсуца гьев къарумихъа къверкъ-рахай. Дида лъалелдаса нахъе нижер кавуялда далун букIана. Лъиданиги рагьизе кIоларилан бицен букIана. ЦIогьалги нижер рокъоре кIанцIун рукIана гьеб рахай босилалдего. Кинабго гуро босунги ун букIараб.

- Гьедин батани мукIурлъеха нижер Гамшули МуртазгIалил къверкъ -рахай букIинчIебани хутIарабги бикъун хутIилаан абураб жоялъе - ян къезаюна инсуца эбел.

**МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ**

---

[1] *Экъдел* – чодрол гьабураб херал руччабаз ретIунеб тIасанретIел



ЧIарада мухъалъул ГIурухъсотIа росулъ байбихьул школаги лъугIун, Гьочоб росулъ гьоркьохъеб школалъул анцIабилеб класс лъугIилалдего, унтарай эбел хисун, рахьдал фермаялда дояркалъун хIалтIизе ине ккана ТIагьират Жаватханова. Гьений хIалтIарабункъо соналъ лъикIал хIасилазухъ чанги щапакъатазеги мустахIикълъана. КIучIдул хъвазе байбихьана школалдаго. Къадал газеталда рахъулаан гьел щибаб соналъ. Районалъул ва республикаялъул газет-журналаздаги рахъана ТIагьиратил кучIдул.
КъватIибе биччана «РекIел тIиналдаса асарал» абураб кучIдузул тIехь ва гьабсагIат хIалтIулей «ГIурухъ сиялда аскIоб батараб къисмат» абураб, росдал тарихалъул хIужаби жанире рачараб, харбазул ва кучIдузул тIехьалда тIад.
Къисматалъул нухаз ячун, Алмалоялда гIумру гьабун йигониги, ракIги пикрабиги даим жийго гIураб ГIурухъсотIа росулъ буго ТIагьиратил.

*ТIагьират ЖАВАТХАНОВА*

## Космосалъул век

ГIеретIги гъежда чIван къулгIадухъ унней
ГIаданго гьечIейищ гьанже росабалъ?
РогIраз рачун, иццал краназухъги лъун
Квегъун буго "Космос" магIарухъгицин...

МаркIачIул гIужалда печалги ракун,
ЧIваларо къалазда рак бухIулеб махI,
Росун, росдацаго токалъ хинлъулел,
Алатал лъун руго, танкан рукъ бакьулъ.

Харицел гIарщ босун рогьалилъ рахъун,
Руччаби унаро мегъал рецизе,
«Бензакосилкаби» карандеги къан,
Къадруял васазухъ буго харил мечI.

Бакъвараб хариде, хIамулги рачун,
Магь къазе къокъунев чиго вихьичIо,
Кьолон машинагун, щивасул рагьтIе,
Щола харил юкал, къо бихьичIого.

Къварилъулей гуро гIатIилъи щванин,
ГIумру согIаб бугин гьадинги росулъ.
Амма умумузул гIумруги нухги
МахIцин хутIичIого буго тIагIунеб.

## КантIуларел нилъ

Цо инсанас инсан чIвалеб лахIзаталъ,
Зобалазул ахIи рагIулародай.
ГIумру кьолев Аллагь, бахъулевги гьев,
Ле, гIадамил лъимер, лъе лъалиниб нус!

Лъимер рощнол гъонолъ рехулеб мехалъ,
РакI гIодулаtребдай гIолил ясазул,
Сонал хехго роржун жалго хутIидал,
Херлъи кквезе наслу кисан щолебан?

Херлъаразул рокъор умумулги тун,
ТалихIал ругодай гьарурал лъимал.
Лъалародай гьезда гьадалго къадаз,
Къо щведал жал къабул гьаризе рукIин?

Бокьараз бокьухъе кьабулеб къали,
Къадар хъвалев Аллагь тIаде валагьун,
Балагьал ракьалде рещтIунел щолел,
Щиб къо бачIаниги кантIуларел нилъ.

## Огь, дир магIарул мацI

Огь, дир магIарул мацI, киб рагIаниги,
Дир керен гьалдолеб къуват буго дулъ,
Къуватал щулиял кьурабазул гуч
Авар каламалъулъ бухъардулеб куц.

Огь, дир магIарул мацI, дир бидулъ лъураб,
Бигун цадахъ босе гьеб дир ургьиса,
Эбелалъул рахьгун дица хахараб,
Кье, эбел, нагIана, гIодоб рехани.

Бечелъи-хазина цIунулеб кIуни,
КIулал кIудиял ран, цIунун букIуна,
КIудияб хазина гIагараб калам
Кодоса биччани, мискинлъила нилъ.

Огь, дир магIарул мацI, инсуд бицараб,
Инсул хабада дун киналъ кIалъалей?
Хирияб букIараб магIарул шигIру
Щиб мацIалъ цIалилеб, хIалае щвезе?

Дун мацI цIунейилан цIваби хачалей,
Хвезе дирго рокъоб щайзеха толеб,
Тударун пударун вагIза гьабулей,
ГIурус щай бицунеб дирго наслуялъ?

НагIана, мугIрузул мацI кIочон тани,
ГIодула гьинал ракI дидаго гурхIун.
Дун аварай йиго нусабго логолъ,
Дир лъимал щал кколел, гьезул миллат щиб?




ЛъаратIа районалъул ТIадиял росулъа ГIалихIажи МухIамадов лъаларев чи, магIарул адабиятги бокьулел, магIарул кечI-бакъанги бокьулел, магIаруллъиги бокьулел магIарулазда гьоркьов ватиларо. Гьес, кочIоде жиндирго рокьи, кучIдул хъван гуребги, махщалида пандрида гьел ахIунги загьир гьабула.
Учительлъун цIаланиги, гIемераб заманаялъ школалда хIалтIичIого, гьев ккана дагъистаналъул МВДялъул мухъилъе. ГIахьаллъана 1999 соналъ рукIарал тунка-гIунсабазулъ. МустахIикълъана хIукуматалъул шапакъатазе.
КъватIире рачIана ГIалихIажи МухIамадовасул «Росдал саринал» ва «Анкьракьалъул накъищал» кучIдузул тIахьалги.
Гьесул кучIдузулъ нилъеда бихьула ГIалихIажил живго гIураб росу-ракьалде, магIаруллъиялде бугеб гIащикъаб рокьиги, гIатIиракьалда гIумру гьабун вукIаниги, гьесул ракI мугIрузда букIинги.

*ГIалихIажи МУХIАМАДОВ*

## Бице дир салам!

МагIарухъе унел, дир гьудулзаби,
ТIадмагIарулазда бице дир салам,
Пикрабалъ, анищалъ, хивалалъ, макьилъ,
Абе, дун магIарухъ вугин кидаго.

Бице дирги салам гьитIинаб росдал
КъватIазда, чIвадназда, сухъмахънухазда,
Хинал роол къояз кьерил васалгун
Дун чанги чвердарал лъарал-хIоразда.

Росдал хабалазда дугIаги цIалун,
Хабал агьлуялда бице дир салам.
Сонал свераниги, цониги свери, -
Абе, тIадмагIарухъ кIоченчIин дида.

Абе лъебелазул рохьазул хъуди –
Дие чIалгIунареб бакъан бугилан,
Гьадал бакълъабазда ясаз ахIулел
КIоченчIин хIасратал магIарул кучIдул.

МагIарул гIадатги, адаб-хIурматги
ГIатIиракьалдаги, абе, кIоченчIин,
МагIида тIамурги, рагI цIун чIагIаги,
Абе дир рокъоса камуларилан.

Доб росу бихьулеб щобде раккигун,
Дунги ракIалде щун, лъалхъе цодагьалъ,
Цо дие гIологи, гIедегIичIого,
ГIодор накаби чIван, гьекъе иццухъ лъим.

Къисматалъ рикIкIаде вачананиги,
Дир ракIги дир жанги магIарухъ бугин,
МагIарул чиясул хасият-гIамал
Хиси гьечIеб кьучIлъун дир чорхолъ бугин.

МагIарухъе унел, дир гьудулзаби,
ТIадмагIарулазда бице дир салам,
Пикрабалъ, анищалъ, хивалалъ, макьилъ,
Абе, дун магIарухъ вугин кидагоI

## Хвалида кIвечIо мун дихъа яхъизе

Эбел, мун гьечIого гIумрудул сонал,
Хехаб гIор киниги, уна гIедегIун.
Эбел, баракатги рахIат-хIалхьиги,
Мун камидал, гьечIо гьаб ракьалда дий.

Эбел, мун къанцигун, къварилъабаца
Кьола дие салам, бала гьоболлъи.
ДугIадуй ккурал дур кверал камигун,
Унтаби, гIузраби дилъ гIемерлъана.

Дида мун йихьула хурул ракьанда,
Надалда гIетI барай, гIодойги кIусун;
Рахъ-рахъалде арал лъималахъ урхъун,
Росулъе бачIунеб нухде ялагьун.

Дида мун йихьула, рогьел кунчIигун,
ГIодор накаби чIван какикьжоялда.
Йихьула къваридаб бакъанги тIамун,
Къуръанул аятал ахIун цIалулей.

Дида мун йихьула бакъул риидал,
БакIаб харил магьалъ къулизаюрай.
Дида мун йихьула хIалтIи гIемерай,
ГIедегIун ячIуней, хIалакун уней.

Нижер тIинаб рохел мегIерлъун ккурай,
Нижер ракIбакъваяз къварид гьаюрай;
Нижер ургъалабаз макьуги хъамун,
ХъахIлъи рехизегIан хивалаз ккурай.

Росдал хабалазда дур ганчIил зани,
Къварид балагьула дихь, мун кинигин.
Дир гъуждузда лъураб дур кверзул хинлъи
Хисулеб щибниги батичIо дида.

Дида мун йихьула, хирияй эбел,
Хвалида кIвечIо мун дихъа яхъизе.
Харилъ тIерхьун зани, гIекколеб дир ракI,
ДандчIвазе хьул буго Ахираталда.

# МАГIАРУЛ ХIАРПАЛ















**Кь** **кь**урдула, **кь**ижула,
**Кь**агIигун басандула,
**Кь**огIлъула, **кь**аралъула,
**Кь**абгIола, **кь**ур**кь**удула,
**Кь**индал **кь**ижун свакала,
Ма**кь**у тIагIун, **кь**енкIола,





Ро**кь**и тIагIун, **кь**аллъула,
**Кь**алуе кор бор**кь**ула,
**Кь**аллъаралгун къер**кь**ола,
**Кь**егIер, ра**кь**а, ру**кь**, ро**кь**и,
**Кь**аву, ма**кь**у, ра**кь**, ми**кь**ир,
**Кь**огIлъи, **кь**ибил, **кь**уру, ба**кь**
**Кь**варун абизе ккола.













**КI** **кI**арчамаб жо буго
**КI**ар**кI**адула, **кI**ичIула,
**КI**ир**кI**идула, **кI**учIула,
**КI**обо**кI**ула, **кI**анцIула,





**КI**одолъула, **кI**урула,
**КI**ибики**I**ула, **кI**утIула,
**КI**алагъуна, **кI**иркъула,
**КI**ул**кI**удула, **кI**илъула,
**КI**аз, **кI**одо, **кI**одоч, **кI**или**кI**,

**КI**ерт, **кI**улал, **кI**аркьен, **кI**уни,
Ба**кI**, **кI**арчанлъи, бе**кI**, ру**кI**ун.
**КI**е, **кI**а, **кI**о, **кI**у, **кI**и, **кI**а, **кI**е,
Мекъи дуца хIарп хъваге!





ХIадур гьабуна Сарат МУХIУМАЕВАЛЪ

# Журнал в журнале



# САЛАТ «ТЮЛЬПАНЫ»



**ИНГРЕДИЕНТЫ:**

- *помидоры – 10 шт.*
- *перо зеленого лука – 10-15 шт.*
- *творог – 150 г.*
- *яйца – 2 шт.*
- *чеснок – 1 зубчик*
- *майонез – 1 ст. л.*
- *соль – щепотка*

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ:**

1. Подготовьте продукты для салата. Помидоры хорошенько вымойте, лучше всего подойдет сорт «Сливка», он внешне напоминает тюльпан. Вместо творога можно использовать любой сыр как мягких, так и твердых сортов.

2. Приготовьте сразу начинку для «тюльпанов». Отварите яйца, очистите и натрите их на самой мелкой терке. Добавьте творог или тертый сыр, чеснок, соль, перец молотый черный и ложку майонеза или сметаны. Перемешайте. Начинка должна быть густой и вязкой.

3. На каждой помидорине сделайте крестообразный разрез до половины, кофейной ложкой удалите серединку, стараясь не повредить будущие лепестки.

4. Заполните каждый тюльпанчик начинкой кофейной ложечкой.

5. Сделайте стебельки. Для этого зеленый лук вымойте и обсушите салфеткой. Внутрь вставьте бамбуковую палочку, острым концом воткните стебель в головку цветочка. Тюльпанчики готовы.













# РЫБА ПО-ФРАНЦУЗСКИ

Для этого блюда подойдет любая некостлявая рыба. Можно купить уже готовое филе, а можно снять его с рыбы самостоятельно.

**ИНГРЕДИЕНТЫ:**

- ***рыба – 500-600 г.***
- ***сыр – 100 г.***
- ***помидор – 1 шт.***
- ***сметана – 2 ст. л. (или йогурт)***
- ***соль, перец – по вкусу.***

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ:**

Вымойте рыбу, выпотрошите ее. Сыр натрите на крупной терке, помидор нарежьте колечками. С рыбы снимите кожу, удалите хребет. Филе порежьте на небольшие кусочки.

Форму для запекания смажьте растительным маслом и уложите квадратики рыбного филе. Посолите, поперчите и оставьте на 10-15 минут подсолиться. Затем уложите на рыбу помидор и щедро смажьте сметаной или йогуртом. Распределите тертый сыр и отправьте рыбу в духовку на 20 минут при температуре 200 градусов.











## ПРОРОСТКИ ДАРЯТ ЗДОРОВЬЕ

### ЦЕЛЕБНЫЕ СВОЙСТВА

Проросшие семена и молодые ростки злаков, овощей, орехов – уникальный источник витаминов, минеральных веществ, ферментов и аминокислот. Проростки вызревают за несколько дней и по пищевым свойствам не уступают мясу, овощам и фруктам, не требуют кулинарной обработки и легко перевариваются даже при слабом пищеварении.

Если вы к своему обычному рациону добавите 1-2 чашки пророщенных семян, ваше самочувствие заметно улучшится.

### РЕЦЕПТ

*Проращивание.* Промойте зерна холодной водой. Всплывшие зерна использовать не следует, они не прорастут. Зерно насыпьте в плоскую посуду слоем не более 2 см. Накройте тканью и залейте водой комнатной температуры до верхнего уровня зерна. Поставьте в теплое затемненное место.

Прорастание зерен до необходимых 1-3 мм происходит за 2-3 дня (двух– и трехдневные проростки). Можно использовать в пищу зерна с чуть проклюнувшимися ростками (однодневные проростки) или просто набухшие.



## ЗАМОЧЕННЫЕ ЗЕРНА

### ЦЕЛЕБНЫЕ СВОЙСТВА

Замоченное зерно злаковых (пшеница, рожь, овес) рекомендуется взрослым и детям со здоровыми зубами. Оно возбуждает аппетит, стимулирует слюноотделение и деятельность всей пищеварительной системы, нормализует стул. Особенно вкусно зерно, если жевать его вместе с каким-нибудь терпким плодом (например, айвой).

### РЕЦЕПТЫ

*Замоченное зерно.* Вымыть 3 ст. л. зерна и замочить с вечера стаканом холодной воды. На другой день уже можно есть размякшее зерно.

*Замоченное зерно с соусом.* 3 ст. л. пшеницы, по 1 ст. л. меда и растительного масла. Зерна замочить на 24 часа, чтобы размякли. Перед самой подачей на стол залить соусом, приготовленным из меда и растительного масла.

*Зерно с морковью и вишневым соком.* Требуется 4-5 ст. л. замоченного зерна, 150 г моркови, 50 г корня сельдерея, 200 г сметаны, сок спелой вишни по вкусу. Морковь и сельдерей натереть на крупной терке и смешать с зерном и с вишневым соком или с горстью вишни, из которой удалены косточки. Размешать и залить сметаной.

## ЧЕЧЕВИЧНЫЕ ПРОРОСТКИ



### ЦЕЛЕБНЫЕ СВОЙСТВА

Проросшее зерно чечевицы – богатый источник белка и витаминов группы В. Белки чечевицы сходны с белками мяса, так как содержат ряд незаменимых аминокислот. Употребление чечевицы способствует нормальной работе органов пищеварения, помогает избавиться от изжоги и проблем с работой кишечника.

### РЕЦЕПТ

Зерно вымыть и насыпать тонким слоем в какую-либо плоскую емкость, на дно которой постелить хорошо смоченную теплой водой и свернутую вдвое салфетку. Поверх зерна тоже положить свернутую вдвое, смоченную теплой водой салфетку. Емкость держать при температуре 22-23 градуса, а сверху тряпку периодически увлажнять водой той же температуры до тех пор, пока не покажутся ростки. Проростки можно есть без добавления других продуктов.

# АЗБУКА КУЛИНАРИИ

- ***Бланширование*** – ошпаривание продукта кипятком или паром. Применяется для сохранения цвета, устранения специфического запаха или привкуса, горечи. Бланшируют овощи, фрукты, рыбу.
- ***Водяная баня*** – посуда с кипящей водой, в которую ставят кастрюлю с продуктами для проваривания или сохранения в горячем виде.
- ***Выпекание*** – нагревание в духовом шкафу до полной готовности мучных и кондитерских изделий.
- ***Жарка во фритюре*** – жарка продукта в большом количестве жира (1 часть продукта, 4 части жира) при температуре жира 135-180 $^0$С.
- ***Запекание*** – нагревание продукта в духовом шкафу до образования румяной корочки. Запекают в основном продукты, предварительно прошедшие тепловую обработку (запеканки, рулеты, рыбные, мясные блюда под соусом).
- ***Льезон*** – смесь яиц и молока (воды), в котором смачивают изделия перед панированием для удержания панировки. В льезон добавляют соль, перец.
- ***Панирование*** – обваливание порционных кусков мяса, рыбы, изделий из котлетной массы в молотых сухарях непосредственно перед обжаркой.
- ***Пассирование*** – медленное обжаривание продуктов до готовности. Пассируют морковь, свеклу, петрушку, лук, капусту,томатпюре, муку. При пассировании сохраняются красящие и ароматические вещества, которые переходят в жир, а также витамины А и С.
- ***Припускание*** – варка продуктов при закрытой посуде с небольшим количеством воды или бульона. Продукт погружают в жидкость только на половину его высоты. Продукты припускают при сильном кипячении, чтобы не залитая верхняя часть прогревалась паром.
- ***Шпигование*** – шпигуют в основном мясо. Для этого в нем делают проколы, прорези, и в них вставляют кусочки шпига, моркови, лука, чеснока.
- ***Цедра*** – нарезанные и высушенные корки лимонов, апельсинов, мандаринов, которые используются для ароматизации компотов и кондитерских изделий.
- ***Цукаты*** – изготовляют из фруктов или мелко нарезанных корок арбузов и дыни. Перед употреблением их проваривают в сахарном сиропе, а затем высушивают.

# ЗНАЕТЕ ЛИ ВЫ?



## ВАНИЛЬ

Ваниль – это род растений семейства орхидных. Она представляет собой лиану, приносящую плоды в виде длинных стручков. В тропиках растет около 100 видов ванили.

О том, насколько высоко ценилась ваниль у европейцев, узнавших ее в начале XVI в., говорит тот факт, что из-за этой пряности произошло несколько колониальных войн – между Португалией и Францией, Францией и Испанией. На мировом рынке натуральная ваниль и сегодня остается одной из самых дорогих пряностей.

В наше время вместо ванили чаще используется её химический аналог – ванилин. Ванилин изобрели, независимо друг от друга, сначала в Англии (1858), затем – в Германии (1874) и во Франции (1891). До начала XX века рецепт ванилина каждая страна сохраняла в тайне. Ныне его производят во многих странах. Это синтетическое ароматическое вещество в виде белых кристаллов. Обладает запахом ванили, хорошо растворяется в воде. В торговую сеть ванилин поступает в смеси с сахарной пудрой и называется ванильным сахаром, он широко применяется и в кондитерской промышленности, и хозяйками.



## ИНЖИР

Инжир – субтропическое растение, родственник фикуса, который часто украшает наши дома.

Культуре инжира более 5 тысяч лет. Согласно Библии именно фиговые листья были первой «одеждой» Адама и Евы. Под смоковницей волчица нашла и выкормила Ромула и Рема, которые основали великий Рим. Это легендарное дерево прожило много веков, а когда оно погибло, весь Рим оделся в траур. На Цейлоне и сейчас растет «священное» фиговое дерево, посаженное более 2200 лет назад, в эпоху утверждения на острове буддизма.

У инжира совершенно необычное опыление. Чтобы плоды созрели, на каждую сотню женских деревьев обязательно должно приходиться 5-6 мужских. Еще Аристотель говорил об «удивительной дружбе» могучих смоковниц с маленькими осами-бластофагами. Дело в том, что мужские соцветия инжира являются домиками для этих ос. Бескрылые самцы проводят всю свою жизнь внутри соцветия, похожего на полую грушу. Здесь же, в полумраке, совершается «брачный обряд» ос. А затем самки через отверстия вылетают наружу. В поисках нового «домика» для откладывания яиц они залетают и в непригодные для этой цели женские соцветия, ну а прежде чем поймут свою ошибку – совершают опыление.

# УХОД ЗА БРОВЯМИ



**БРОВИ** – одна из самых выразительных частей лица. И каждая эпоха диктует свои взгляды на их форму и цвет. В наши дни предпочтительна естественная линия бровей.

Есть еще одно важное обстоятельство: форма бровей по величине и контуру должна находиться в правильном соотношении с формой губ.

Гармоничной форма бровей будет лишь в том случае, если она соответствует форме лица. Так, например, к круглому лицу не подойдут густые, высоко посаженные брови. Выражение широкого, угловатого лица можно смягчить, если на одну треть уменьшить внешнюю часть не слишком густых бровей. К продолговатому лицу подойдут брови густые, но лишь слегка выгнутые. К овальному лицу никак не подойдут сильно разлетающиеся брови.

Под влиянием многих причин волосы бровей могут претерпевать различные изменения в росте, структуре и цвете. На рост волос бровей оказывают влияние некоторые внутренние заболевания, заболевания кожи, возраст человека и внешние факторы. При нарушении деятельности щитовидной железы волосы бровей истончаются и редеют, а иногда совершенно выпадают. Выпадение происходит обычно на наружных отрезках бровей, и они становятся как бы сбритыми. Себорея нередко приводит к облысению бровей. Вредное воздействие на рост бровей оказывают также солнечные лучи, которые высушивают, истончают и обесцвечивают волоски бровей.

Наконец, неправильный уход за бровями, злоупотребление красками, плохое их качество, частое нарушение целостности волос в процессе выщипывания – все это неблагоприятно влияет на рост волос бровей.

Брови можно смазывать питательными и жирными кремами, растительными маслами (оливковым, персиковым, подсолнечным и др.) Ежедневное приглаживание их щеточкой для ресниц, которую вы предварительно окунули в специально приготовленное масло, улучшит их внешний вид.

## НАСТОЙКА КАЛЕНДУЛЫ ОТ ВЫПАДЕНИЯ ВОЛОС БРОВЕЙ

Настойку календулы (купить в аптеке) развести 1:3 водой. (Настойку можно приготовить в домашних условиях на водке 1:10 и развести водой 1:1). Смочить в ней ватные диски и выложить на брови в виде компресса на 1-1,5 часа. Процедуры делают ежедневно или через день до отрастания волос. При отсутствии эффекта через месяц лечение следует прекратить.

## ПИТАТЕЛЬНЫЕ КРЕМЫ И КОМПРЕССЫ ДЛЯ БРОВЕЙ

### Питательные кремы

Нам потребуются: касторовое, персиковое, подсолнечное, льняное, камфорное масла, пчелиный воск.

Смешать касторовое масло – 5 г, персиковое, подсолнечное или льняное масло – по 10 г, добавить камфорное масло – 1-2 капли. Масло наносить на брови ежедневно.

Смешать вазелиновое масло, пчелиный воск и касторовое масло – по 5 г. Составом смазывать брови ежедневно или 2-3 раза в неделю.

## МАСЛЯНЫЕ КОМПРЕССЫ

Питательный компресс из растительных масел (оливковое, персиковое, подсолнечное и др.). Компресс делают из тонких жгутов ваты, пропитанных подогретым маслом, сверху покрывают полосками целлофана на 40 минут.



# БЕСПОРЯДОК ВРЕДЕН ДЛЯ ЗДОРОВЬЯ

Беспорядок – это переизбыток вещей, который создает захламленное пространство. Мало кто чувствует себя комфортно в беспорядке. Когда вокруг слишком много вещей, нам тяжело работать и невозможно расслабиться: бардак очень сильно влияет не только на нашу продуктивность, но и на здоровье.

Давно отмечено, что разбросанные вещи, грязь, пыль и т. д. отрицательно сказываются на финансовом благополучии, здоровье и атмосфере в семье. Почему это происходит?

Неубранные вещи и неприбранные комнаты, как правило, притягивают к себе внимание. Из-за этого человек отвлекается от более важных дел, теряет концентрацию внимания. Вдобавок беспорядок вызывает раздражение, особенно у женщин. Находясь постоянно в беспорядке, а тем более живя в нем, мы создаем себе плохое настроение. Есть вероятность впасть в уныние и даже в депрессию. Но стоит прибраться, как самочувствие улучшается.

Также отмечено, что люди, живущие в бардаке, часто страдают низкой самооценкой. Они считают себя неудачниками, которые не в силах справиться даже с наведением порядка. Человек постоянно находится в состоянии стресса, теряет работоспособность и желание что-либо делать. Получается некий замкнутый круг. Из-за беспорядка пропадают силы, в том числе на уборку, хаоса в доме становится еще больше, но энергии убираться нет…

## БЕСПОРЯДОК НА КУХНЕ

Кухня символизирует благополучие и достаток. Поэтому для избежания проблем с деньгами очень важно поддерживать это помещение в чистоте. Кроме того, грязная плита, посуда, крошки и беспорядок на кухне в целом отражаются на здоровье домочадцев.

## БЕСПОРЯДОК В КОРИДОРЕ

Его следует очистить от ненужного и старого хлама, который негативно отражается на финансовом потоке и взаимоотношениях в семье. Коридору также следует уделять внимание каждый день.

## БЕСПОРЯДОК В ВАННОЙ КОМНАТЕ

Запущенная ванная комната говорит о том, что у женщины заниженная самооценка и отсутствует чувство собственного достоинства. Как говорят психологи, грязная раковина и зеркало – явный показатель неприязни к себе. Если, наоборот, ванная отличается порядком и чистотой, то женщина довольна собой и своей жизнью.

Наведите чистоту, разложите все вещи по своим местам. Особое внимание уделите зеркалу и раковине – вы заметите, как повышается ваша самооценка, вы даже внешне станете более привлекательны.

## БЕСПОРЯДОК В СПАЛЬНЕ

Комнату необходимо организовать так, чтобы она была по максимуму освобождена от ненужных вещей. Она должна способствовать расслаблению.

Загромождение спальни приводит к бессоннице, потере энергии. У женщин беспорядок может даже вызвать заболевания мочеполовой системы. А чистота имеет противоположный эффект – крепкий сон и ощущение уюта в доме. Спальня отвечает за счастье.

## БЕСПОРЯДОК В ГОСТИНОЙ

Состояние этой комнаты говорит о вашем отношении к окружающим людям. Просторное и чистое пространство притягивает в ваш дом позитивных и хороших людей.

* * *

Как вы видите, грязь и бардак в доме негативно отражаются на жизни человека. Поэтому уборка является не только полезным занятием, но и весьма необходимым.

# Хала-Ава и петушок

*(Даргинская сказка)*

Жила-была в одном ауле женщина по имени Хала-Ава. Злая-презлая. Никого она не любила, всех только обижала и бранила. Соседи даже во двор к ней заходить боялись.

Собирала однажды Хала-Ава у себя в саду орехи, а на заборе сидел петушок.

– Дай мне орешек, Хала-Ава! – попросил он.

Швырнула Хала-Ава палкой в петушка, чуть лапки ему не перебила.

– Не приставай! Не дам!

Побежал петушок со слезами домой. Встретилось ему по дороге шило:

– Что с тобой, петушок? О чём ты плачешь?

– Попросил я у Хала-Авы орехов, а она в меня палкой бросила.

– Давай проучим злую Хала-Аву, – говорит шило.

– А как мы её проучим? – спросил петушок.

– Я спрячусь в подушку и, когда Хала-Ава сядет, уколю её!

Пошли петушок и шило вместе. Встретился им голубь.

– Куда идёте, друзья?

– Идём проучить злую Хала-Аву.

– Возьмите и меня с собой!

– А чем ты нам поможешь?

– Я сяду у очага. Когда Хала-Ава будет раздувать огонь, я золой засыплю ей глаза!

Пошли петушок, шило и голубь вместе. Встретился им камень:

– Куда идёте, почтенные?



– Идём проучить злую Хала-Аву.

– Возьмите и меня с собой!

– А чем ты нам поможешь?

– Я лягу над дверью. Когда Хала-Ава будет выходить из дома, я стукну её по спине!

Пошли петушок, шило, голубь и камень вместе. Добрались, наконец, до сакли Хала-Авы.

Хала-Ава как раз прилегла вздремнуть. Пока она храпела, шило спряталось в подушку, голубь сел у очага, а камень лёг над дверью.

Захлопал петушок крыльями, зашумел.

Хала-Ава услыхала шум, подумала спросонок, что это кошка забралась в шкаф.

– Брысь, негодная! – сказала она.

А петушок ещё громче шумит, крыльями хлопает.

В сакле было темно, и Хала-Ава решила раздуть огонь.

Только нагнулась она над очагом, голубь вспорхнул и засыпал Хала-Аве золой глаза.

Хала-Ава со страху так и села на подушку… Шило высунулось и укололо Хала-Аву.

Бросилась злая Хала-Ава к двери. Бух!.. – камень стукнул её по спине.

Убежала злая Хала-Ава далеко-далеко. А петушок набрал орехов, наелся досыта и голубя угостил.

Камень орехи разбивал.

Шило ядрышки вытаскивало.

# НекIсияб КъахIиб

ГIемерал руго Шамил районалда туристазда ва тIаде рачIарал гьалбадерида рихьизаризе бегьулел бакIал. Гьезда гьоркьобе уна НекIсияб КъахIиб росдал чIваднал. Бащдал рихxарал ганчIил минабазда гьоркьоса раккун руго согIал рагъулал сиял. ТарихчагIаз абула гьеб бакIалда гIадамаз ганчIил гIасруялдагицин гIумру гьабулеб букIанилан.

Гьеб буго районалъул центр ХIебдаса рикIкIада гьечIеб бакIалда, АваргIурулъе чвахулеб КъахIиб лъарал кIкIалахъ, мугIрул жаниблъиялда. Лъаралъ гьеб кIкIал, цояб чIагояб цогидаб хвараб рахъазде, кIийиде хъвалхьараб гIадин бихьула. Цояб рахъалда буго цIияб КъахIиб, жиндирго макъналгун ва махIалгун. Цогидаб рахъалда, кьурул сиртIалда хутIун руго НекIсияб КъахIиб росдал чIваднал.

КъахIиб абураб цIар бачIун буго гуржиязул «Кахи» абураб рагIудаса ва гьелъул магIна ккола мугIрузда мискинаб бакI абураб. ЦIадахъго босун КъахIиб абураб цIаралда гьоркь руго лъабго росуги гIемерал кулабиги. КъахIисезул цебегосеб рехун тараб росдада абулеб букIун буго Бакъдабилан.

НекIсияб КъахIиб минаби ралел рукIана магIарул къагIидаялъ: цо рукъалъул азбар цогидасул тIох. КъватIал рукIана къваридал, минаби рукIана цоцазда цун рарал ва гьел кьурулъа раккаралилан ккезе бегьулаан. Бицен буго, гьениб росда гьоркь ракьулъан гьарурал нухал рукIаниланги.

НекIсияб КъахIиб, щулалъи хIисабалда, Кавказалдаго рагIараб росу букIун буго. Тарихалда лъалеб цо хIужа буго КъахIибе жанире тушбаби лъугьараб, гьеб букIун буго татаромонголазул аскарал рачIараб заман. Гьелдаса хадуб росдал рагIалда ран руго хъаравуллъиялъулал сиял, гьелги ккола XIII-XIV-абилел гIасрабазда рарал. Кинабниги буго гьединаб щуго си. Гьезул бищунго кIудияб ва лъикI цIунаралъул буго къого метр борхалъи ва 4,6 метр гIеблъи, къадазул биццалъи буго метралда бащадаб.

XI-абилеб гIасруялда КъахIиб Дагъистаналдаго бищунго чIахIиял, Хунзахъ, Гъазигъумеки, Ахты, ГIурада гIадинал, 13 росабазде гьорлъе унаан. КъахIиб гьабулаан ярагъ, рукъулаан хъубчул, тIингъал, хьитал, рессулаан тIансаби, тIибитIун букIана гьединго цIулалги ганчIилги устарлъиги. Самуралдаса Веденобе унеб «Халкъазул кIудияб нухда» букIиналъги цебетIун бачIинеб букIана росу.

КъахIиб машгьурлъана исламалъул гIалимзабаздалъун ва шайихзабаздалъун. Гьениб буго XX абилеб гIасруялъул байбихьуда рукIарал лъабго шайихасул зиярат.

Араб гIасруялъул 50 соназда, басрияб росулъ ччукIулел ва тIаде кьуру бачIунел бакIалги гIемерлъун, бакъдасез байбихьана гIурул добцояб рахъалде гочине. Гьедин дагь-дагьккун некIсияб росу чIобоголъана ва 1970 соназде цониги чи хIутIичIо гьенив.

**ХIадур гьабуна**
**Гульнара АСАДУЛАЕВАЛЪ**



# Вацапгун кьаллъани кьелебдай талихI?...

**Умакусун** - Йо, ПатIимат, мун кие тIагIарай вацапалда нилъерго къокъаги тун?

**ПатIимат** - ГодекIание ана дагьалъ, отпускIаги босун.

**Умакусун** - Вацапалдаса цIакъаб годекIан киб букIунеб? Гьениве гурищ гьанже кинавго чи вакIарун вугев?

**ПатIимат** - Ясазул годекIан гьечIищха, «МагIарулай» журналалда.

**Умакусун** - Вуя, НухIил заманалъго букIараб «МагIарулай» журналгIаги кин ракIалде щвараб? Гьеб жеги чIагойищ бугеб?

**ПатIимат** - ЧIаголъизехъин буго нилъецаги чIурканлъи кьуни.

Гаджетазде сордо-къо чIван руссине бегьулеб, журнал хъвазе ва цIализе щай бегьулареб? Гьеб, нилъер улбузул гIолохъанлъудаго букIараб журналлъидал, рачIа цо годекIан чIаголъизабизе.

**Умакусун** - Гьаб хасалил халатал сардаз щиб гьабулел рукIине нужеда ракIалда бугебали, вацапги гьечIого? Журналалде руссунищ?

**ПатIимат** - БатIаго риидалил къоязги магъилъ рукIкIунарин нуж, гьебго чIандаялда тIамулин къо. Дуе гьебгощинаб хабар щай, ма, гьаб цIибачIараб «МагIарулай» журналалъул хал-шал гьабе. Щиб букIаниги пайдаяб жоги лъазе бегьулин.

**Умакусун** - Вай, гьаб цIидасан бахъулебищ бугеб? Дун гьитIинаб мехалъ эбелалъе бачIунаан гьаб. Берцинаб журнал буго, валлагьги…

**ПатIимат** - Гьебни бахъулареб заманго букIинчIин, дуца журнал беге, лъикIалан хал гьабе. «МагIарулалъул» годекIаниб дандразе гIадал суалал дурги ратулин, ургъея.

**Умакусун** - Вуя, дун простой гIадан йиго, ПатIимат, щибго пасихIлъи гьечIей. ЧIая, нижер ГIарипилалъулха рукIунел цIакъ кепал харбал, ракIалдещвеял. КIал пасихIлъиялъул рахъалълъанги гьелъухъе вахарав чиго лъаларо дида.

**ПатIимат** - Гьеб хабар бегьанаха. Гьединал рагIи бегIерал, кIал пасихIал чагIазухъ гIенеккулелани, гьал гIолохъанал ясазеги чанги гIакълу щвелаан. Гьел кIудиял чагIазда годикIаниб бицине гIемераб пайдаяб жо лъала, рачIа ГIарипилайги нилъерго «МагIарулалъул» годекIание ахIизе.

**Умакусун** - Доле ячIиней, кинмгIаги нилъее къваригIун йикIин лъарабали…

**ПатIимат** - Ваaaaa, ГIарипилай, дуда женалъищ бицараб нижее къваригIун йикIин? Мунги гьечIого гьаб годекIаналда нурго гьечIилан рукIана ниж бицунел. Гьале, тIаде рехун ячIиней йиго.



Халилбек Мусаясул сурат

**ГIарипилай** - «Басрияб цIулалъул цIияб гьалдибер, цIияй бахIаралъул херав бахIарав», - илан рагIун букIана... Сундуе ракIалде бачIарабалицин лъаларо… Гьа, щиб бицинеха данделъун ругел? ГIин тIуниги тIаде рорхулароанин гьадал цо капурго хваял телефоназдаса… Макьилъ жойищ бихьараб?

**Умакусун** - БихьичIо вала макьилъ жоги, макьу щолебищ букIараб гьадаб вацапалъ бачIанщинаб жояльухъ ралагьизеги ккун... Гьанже гьеб малгIуналде данде митинг гьабун лъикI гуродаян рукIана ургъулел…

**ГIарипилай** - РегIун руго нуж. Дица гIадин боцIи-панзги хьихьулеб букIарабани, хур-херги гьабулеб букIарабани, рагьда гIанкIу-хIелекоги букIарабани, росрукъ-магIишатги букIарабани, нуж вацапалдеги, цогидал къваригIел гьечIел жалаздеги регIулароан.

**Умакусун** – Мунго гIадин рагъулел чагIиги гIемерлъун, цо щиб букIаниги рекIеда гьури балеб гIадаб жо рагIилародайилан рахъун рукIана годекIанире. ДуцагIаги цо лъикIаб хабар бице. НекIогоялдаса йихьунги йикIинчIин, мунго кин йигей, бетIергьанчигIаги унтичIого вугищ?

**ГIарипилай** - Дунги квеш йигилан абизе бегьилищха, хIатIазда яхъунги чIун йигелъул, кIалдиб мацIги хIалтIилеб бугелъул... БетIергьанчиги, бетIергьанчихвад, лъикI вуго, жиндирго махх-мачIалде вуссун вукIунаха. АлхIамдулиллагь!

Цо цебегIанго нижер ккараб бицинищ?

Кибехун ва лъил ратаниги, басриял, жидедаго чIалгIарал магнитофонал, телевизорал, жалго кьищни-къул балеб гохIде ине кIвахIаллъидал, дир росасе ритIун рачIуна ав лъалелшиназ. - Гьанже ругел жал гьадингосел жал руго, дол цебе букIараб тIагIел-гIучIалда данде, - йилан, цо



кутакаб давла жиндие щвараб гІадин, цІакъ воха-хинлъула ав пакъирги, лъица бугониги цо щиб бугониги жиндиего битІун бачІараб мехалъ. БачІунго бачІун рукъзалги магъкьил цІун, авгун кьаллъизеги бокьуларого, дагІба-рагІиги чІалгІун, жанийго кьвагьулей йикІинарищха дунги.

Цо къоялъ кавуги бухун ваккун вачІана цо лахІчІегІерав чи: «Нужер гьаниб махх-кІачго гьечІищ, басриял аудио, видео, автомагнитофоналги бегьула дие» - ян.

- Вааай дудаса Аллагь разилъаяв, мун гурищ дие къваригІунго вукІарав, - иланги абун дицаги босун асда цебе лъуна батанщинаб техника-квара. РакІа-раххарун машинаялде тІаде гьелги ран, рази-ракиго куцчІегІерги цевеса тІерхьана. Саламатго рукъги гІатІилъун, къайи-свериги бакІа-баххарун, ракІги гІодобе биччан дунги йикІинарищха.

ХІалтІудаса рокъове вачІарав росасул тІоцебесеб суал: «Кире арал, йо, дол магнитофонал?!!» Цо куцберцин вачІун вукІанин гьел цІехон, досие кьунилан абиларищха дицаги.

- Кинав чи? Махсаро батила дур, - илан божичІо ав. Унго-унгоги дица гьел кьун рукІин бичІчІарабго, лъавудаса ине вукІун, лъим жоги тІаде пунхъун, рекІеде вачІине гьавизе ккана ав пакъир.

МахІабиги рухулаго, вабабай бачине гьав лъугьаравго, диргоцин хІал хисизехъин букІун, щиб ккараб жойилан цІехезе къуват данде бакІарана.

- Доба жаниб месед букІана йо", - йиланги абун, гьав гьавугьин гІодов кІусана, - гІарацгиха, - йилан тІадеги жубана.

Кинаб месед-гІарац гьениб гьас бахчун букІарабали бицинчІониги бичІчІарай дида, релъи кквезе кІолеб букІинчІо. ГІадада гурелъулха умумуца абулеб букІараб, барахщарасул боцІи къабулас кваналебилан. Дица цаби лъезе цІунун букІараб меседги, данде рехулел рукІарал гъурщалги, гьас росун басрияб магнитофоналда жанир рахчун рукІун руго.

- Щибха гьабилеб рикъзияб букІун батиларин, гьеб кІочараб бихьугегийилан, дица асие цІакъ ракІ-макІ гьабуна.

- Батани батанщинаб жоги цыганазда цебе бан, гьедин йикІа, царал гІадин кІалги ккун. Дица дур эл цаби лъезе цо гъурущ кьоларебха, - йилан дидеги вагъделаго рос къватІиве ана.

Лъалароха, ясал, лъил гІайиб гьаниб ккарабали, дица лъуралъуб месед-гІарац течІев асдайищ яги асухъ гІинги тІамичІого, махх-кІач къватІибе барай дидайищ? ПалхІасил, дун , росас абухъего, царал гІадин кІалги ккун хутІана!

**Умакусун** - Вацапалдасан бачІараб, кигІан кополабги роликалъ елъизаюн йикІинчІо, ГІарипилалъул харбица гІадин)))… Сахлъи кьеги дуе.

**ПатІимат** - Вааай, дур кІал чІахъаяй, ГІарипилай. ГІадада гурелъулха умумуз абулеб букІараб «Бицине лъарав гьакида, гьакил бетІергьан гІодосан», - илан. Бицине лъайги бугоха гІадамасе Аллагьасго кьураб гьунар. БитІахъе кІалдире ралагьизарула дур пасихІаб каламалъ. ГІолохъанаб заманаялъги цІакъ пасихІал кучІдул рукІунаанила дурилан рагІун букІана. Гьанжеги хъвалел ратила. ЦогІаги кечІ цІалиларебищ нижее?

**ГІарипилай** – ГІолохъанаб мехалъ кучІдулги гІолохъанал рукІунаан… РакІалдаго ругелищалиги лъаларо. Гьанжеги, цо бищунго санагІалъи гьечІеб гІадинаб заманаялъ ботІролъе рачІун, хъвазе кквезе щвечІого, гІемерисел кІочонги тола. Цо-цогІаги къалмиде босичІого дунги чІоларо. Гьедин рукІунаха.

**Умакусун** - ГІолохъанаб мехалъ хъваралго рокьила диени. РакІ бечІазабизе, речІарал кучІдулгІаги нилъее щай?

**ГІарипилай** – КечІ хъвараб гІолароха, ясал. КочІода жаниб, цІаларав чияс босизе, гІакълуги букІине ккола.

Цодагьал церегІан къояз телевизоралдасан «ТІе дир бадиб кислота», - йилан ахІделей йигоан цояй. Щай гьалъул бадибе гьеб жо тІезе кколеб букІарабали дида бичІчІичІо, хІабургъарал хІалуцарал пикрабаз бетІер сверизабиялъ. ЛъачІо я кечІ ахІулелъул, я кечІ хъваралъул цІар. Лъана кечІ хъвай бигьаяб хІалтІи гуреблъи.

Гьагъаб кислотагІаги кисан ракІалде щвараб жо, кечІ хъвалеб мехалъ? Бахъе дир кІиябго берилан ахІданиго бегьизе букІун батила, керентурадие. Киназдаго бичІчІилаанха алъие канлъи бихьизе къваригІун гьечІеблъи.

Дунищ гІабдал, ялъуни гьагъаб кечІ ахІулейги хъвараигийищали дида лъаларо, амма лъала гъоб жо кечІ гуреблъи!!! КІалги гьакІкІан гьаракь гьабураб гІоларелъул, кечІ лъугьине ккани, цо-цониги ургъизеги ккола, щибдай алъул ккелебиилан.

**ПатІимат** – БитІарабха, ГІарипилай. Гьел «кочІохъабазе» гІадлу гьабизе заман некІого щун буго. Гьелъул жеги нилъеца гІемер бицина. Бицун течІого гьел булбул-хІанчІазда рагІизеги гьабила. Гьанже какил заманги щвезехъин буго, цо дол дур кочІол мухъал рагІичІого ратІалъизеги бикьун гьечІо…

**ГІарипилай** - РакІалда ругелищалиги лъаларо, гІенеккеха:

*Гьанже рокьул кьоял цІа гъун*
*рухІанин,*
*ЦІорол ицц киб бугеб гьелегьин свине,*
*ГІищкъу-балаялъул ах гІонсокь*
*кканин,*
*ГІадамал, газа кье, гІазу бухъизе!*
*Ясазе вокьулев рокьул малаик,*
*Диде мугъги рехун, квал лъида бараб,*
*Кьиралай бахилав ханасул вазир,*
*Хиял лъихъ бергьундай ялагьун тарай.*
*Истамбул читалъул чараб къатІипа*
*Кьойил ретІаниги, йихьуларей щай,*
*Чараб гормендудакь чилайдул гъалал*
*Рихьдае хханиги, бер рехуларо.*
*Хиялги цІорораб цІарги кІочараб,*
*ЦІарухъе гІодула духъ гІолохъанлъи,*
*Забруги силияб, санги загІипаб,*
*Загьруман батана дида мискинлъи!*

**Ясал**: МашаАллагь, машаАллагь… РагІабазул кутак… ПасихІлъи бихьуларищ… Сири базабуна… Гьелеха доб унго-унгояб жаваб гьечІеб рокьи… Гьалеха унго-унгояб годекІан…

**Хъварай**
**Баху МУХІИДИНОВА**



# РАГЪУЛ

Дол КIудияб ВатIанияб рагъул соназ кутакаб къварилъи ва захIмалъи бегана руччабазул гъуждуздеги. Бихьиназда цадахъ ярагъги борчана, рагъул майданалдаса лъукъаралги раччана, рагъухъабазе кучIдулги ахIана, рагъде инчIел руччаби тылалдаги хIалтIана, партизаназе кумек гьабулелги рукIана, вахIшияб Ленинградалъул блокадаги хIехьана…
Бергьенлъи босун 75 сон баялда хурхун, нижеца ракIалде щвезарулел руго гьел руччаби. Аминат Ибрагимова нилъедаса ятIалъана, амма гьелъул ракIалдещвеяз нилъ рачуна дол захIматал соназде.

Доб рагъ байбихьараб соналъ дие вас гьавун вукIана. Гьеб букIана дир лъабабилеб лъимер. Гьесда цересел ГIумарги Бараги кIудиял гIолел рукIана.

Радиоялдаса Левитаница рагъ байбихьинилан лъазабидал ниж цIоро-гъорон хутIана. Киналго рихха-хочана. ГIадамал гIодилел рукIана. Щивасул рокъобе бачIана балагь ва къварилъи – рагъде унел рукIана росал, васал, вацал. Доб мехалда жеги нижеда цебе чIолеб букIинчIо гьеб балагьалъул кутак. РакIалде кколаан жакъа-метер тушманги нахъе гьелин, рагъги лъугIилин. Ункъо соналъ гьеб халатбахъинилан пикруго гьабулеб букIинчIо. Немцалин абуни бачIинахъего гIадин Кавказалде щвана. Байбихьана МахIачхъалаялдеги бомбаби разе. Дун квешго хIинкъулей йикIана тушманасул самолетазул хъуялдаса ва рихьулел бомбабаздаса. Сордо-къоял тIамулел рукIана лъималазул ургъалида, метерисеб къоялъ щибдай бихьилеб, киндай лъимал цIунилел, щиб кьун кваназарилелилан.

Бугеб ахIвал-хIалги хIисабалде босун, эбел-инсуца дун, лъималгун, росасул росулъе – Гъумекие йитIана. Дица гьезда цIакъ гьарулеб букIана нужги нижеда цадахъ рилълъаян. Амма гьел разилъичIо. Инсуца абуна: «Хъван батани, гьанирго хвела» - ян. Ниж ана. Рес рекъанщинахъе рос вачIунаан нижее кванaзе жоги цIиял харбалги росун. Кин букIаниги, дун гьезда цIакъ хIинкъун йикIана. Ункъо моцIги росулъ бан дун МахIачхъалаялде тIадюссана.

– Дир рос рагъде виччачIо, гьесул бох къотIун букIана унтудаса хадуб. Цо минуталъ чIечIого хIалтIилев росги вукIун, кинабниги рукъалъул хIалтIи дир гъуждузде бегана. Гьелде тIадеги, къад, киналго гIадин, дунги ине кколаан хандакъал рухъизеги, къаси-къаси концерталги кьолаан. Каранда хахулеб лъимер букIанаги кIвечIо дида рокъой чIезе, цадахъ хIалтIулезе кумек гьабичIого.

Ниж хIалтIулел рукIана миллиял кучIдузул ва кьурдабазул ансамблялда. ХIадур гьарун концерталгун ниж хьвадулаан Дагъистаналъул районазде. Гьел рукIана захIматал сапарал, щолароан рекIине транспорт, ратулароан бакIазда киналгIаги шартIал, гьаказда, чуязда рекIун, хIатта нижерго хIатIаздагицин хьвадизе кколаан росабалъа росабалъе. Кивго дида цадахъ керен хахулев васги вукIана. Гьанже йикIуна дун гIажаиблъи гьабун, киндай дихъа гьеб бажарулеб букIанаян.

Свакан киралиго росулъе щварал артистаз гьениб хисизе кколаан ретIел, гьурмалъ гIадамазе загьир гьабизе кколаан рохел – аваданлъи, рекIел хинлъи. Концертазде рачIарал гIадамалги рукIунаан гIунун ва къваридго, гьел гьимизаризецин кутакалда къо бихьулаан. Концерт лъугIилалде свакан тату хун рукIунаан нижги.

Цо нухалда гьединаб сапаралда дун бакъул унтиялъ захIматго унтана. Гьелдаса хадуб росасеги эбел-инсуеги рагIизецин бокьичIо дир хIалтIул-ги сапаразулги хабар. «ГIела, гIела, гIела, нухда ккелел ратила гьеб дур хIалтIи гьечIогоги, - ян абуна эбелалъ. - ТIокIай мун киениги инаро. Нижее къваригIун гьечIо мунги камун дур лъимал бесдал хутIизе. Мунго дуцаго чIвазехьин йиго». Дир ракI къварилъана. Дида кколеб букIана гьедин рокъой чIей цадахъ хIалтIулездехун хилиплъи бугилан. Сапаралъ рахьине кколилан гьел рачIиндал, дица гIодоре бералги риччан, унтун йигилан абуна.

Хадусеб къоялъ дун Дагъистаналъул Верховный Советалъул председатель А. Тахтаровас ахIана. «Аминат, дуе приказ кьезе дихъа бажариларо, амма гьари буго ансамблялъе кумек гьабеян. Мун гIадамазе йокьула. Дур кучIдул гьечIого нур гьечIо ансамблялдаги» - ян абуна гьес. Рокъосезулги гьесда тIад рекъечIого рес букIинчIо, хадусеб къоялъго нижги сапаралде рахьана. Кире щваниги, гIадамал нижехъ ралагьун ратулаан. Нижер кучIдулги цIакъ лъикI къабул гьарулаан гьез: колхозалъул хурзабахъ хIалтIун свакарал херазги, бахIаразги, гIисиназги чIахIиязги, бихьиналги фронталде ун, кинабго хIалтIи тIаде бегарал, рухI лъугIарал руччабазги. Ниж щвечIеб бакIго хутIун батиларо!

ТIаде щвана 1943 сон. Дагъистаналдаса фронталде концертгун унеб букIана кIудияб бригада. Гьелда гьоркьое ккана дунги. Унеб йикIана рекIелъ хIинкъигун. Ургъел букIана, рагъул фронталда дунги камун, лъимал бесдал хутIиялъул. Кин букIаниги

# сухъмахъаздасан...

ана. РакIалда буго, чанго поездги хисун, лъугIелго гьечIеб нух. КIорокIана чанги полуторкабаздаги, щвана Централияб фронталде.

ЦIадулъ бугоан Смоленщина. ЦIоб тун немцал хъамулел рукIана гьениса. Ниж фронталъул цебесеб кьерде щвезе хутIараб жого букIинчIо, бидул махI букIана киса-кибего нижеда хадуб. Гьай-гьай хIинкъи букIана кутакаб, дир тIоцере хъахIал расалги гьенир раккана. Михъида хIур хъвачIел гIолохъабазеги, рокъор хъизан-лъимал тарал рагъухъабазеги, свакарал солдатазеги концертал кьолаан нижеца. Концертаздаса хадур гьел рагъул коронире унаан ва гIемерисел гьениса руссунароан.

Нижер бригада фронталде битIулелъул, Москваялда щивасухъе кьуна бел. Гьезул мурад бичIчIулеб букIаниги, нижеца махсаро гьабулаан, инструментал хвани зенгъезаризе кумекалъе булдулгIаги ругин кодорилан. ХIажалъийин абуни булдузул ккана фронталда, чIварал солдатал рукъулелъул. Гьел ракIаризе ва рукъизе бажарулеб хIал букIинчIо. Нижеца немцалги нилъералги ратIа гьаричIого рукъулел рукIана. Щайгурелъул, щияй ккolaaн эбел, лъади, яц ва лъикI бичIчIулеб букIана, нижго гIадинал руччаби гьезул щивасухъ ралагьун рукIун ратулеллъиги.

Смоленск, Белоцерковск, Чернигов, Канатов, Бахмач – рукIана нижеца нахъа тарал шагьаразул цо бутIа. Нижер церерахъинал рихьана армиялъул командующиял - генералал А. Рокоссовскиясда, Н. Черняховскиясда, К. Ватутинида. Конотопе ва Бахмач шагьаразда нижеда рихьана ВатIаналъе хилиплъарал кварида ралеб лахIзатги. ЧанцIулго ккана бомбабазукьеги.

Цо нухалда нижер ансамблялъул директор Сергей Никитович Сладкингун дун къаде кванде кватIана. Байбихьана гIасиго бомбаби разе. Сергей Никитович цо лахIзаталда къвалакь дунги ккун хандакъалъуве кIанцIана. Бахъана кутакаб кьвагьи, амма талихIалъ нижее зарал ккечIо. Хадуб нижеда аскIоб батана бомба бихъун лъугьараб кIудияб гвенд. Киса-кибего щущан бугоан цIа-рагI, рагIулеб бугоан лъукъа-къотIаразул зигарди… Гьеб киналъго гIинкълъизарурал ниж гIезегIан заманалъ рукIалиде рачIунарого рукIана. Къасиялде рокъоре руссиндал, ниж гIодилаго сверун ккуна гьалмагъзабаз. Гьезда ккун буго ниж чIванилан ва магIу бахъун буго… КигIан захIматаб нух нахъа тараб, бихьичIеб жо щиб хутIараб дир гьалмагъзаби Сапият Мурадова, Ума ГIалиева, Эра Адибековагун цадахъ …

Бащдаб лъагIалидаса цIикIкIун мех бана нижеца фронталъул цIадулъ. Ниж рохун рукIунаан нижехъ гIенеккизе дагъистаниял рачIиндал, гьезул эбел-инсухъе ва гIагарлъиялъухъе салам босизе рес ккедал.

МухIамад ХIажимурадов вагъулев вукIана Централияб фронталда. Цо концерт лъугIун хадув гьев лъай-хъвай гьабизе нижехъе сценаялде вахана ва гьарана жиндир эбел-инсухъе салам щвезабеян. Гьелдаса хадуб 50 сон индал, МВДялда букIараб цо дандчIваялда дида аскIове вачIана бетIер хъахIлъарав подполковник, ва: «Дуда дун ракIалда вугищ, Аминат» - иланги абун, хурхун къвал бана. Дидаги магIу кквезе кIвечIо.

Рокъоре руссун хадурги ниж гIемераб заманалъ ракълилаб гIумруялде ругьунлъуларого рукIана. ГIажаибаб гIодобе биччаялъ тIадецуй гьабулеб букIана. Цодагьал рекIеде рачIингун, цIидасан рилълъана Кавказалъул гIорхъаби цIунарал рагъухъабазда цере рахъине…

Хадуб бачIана бергьенлъи. I945 соналъул ичIабилеб май букIана дир гIумруялъул бищунго талихIаб кьолъун. Дица гьанжеги гьедин рикIкIуна. РакIалда буго, рогьинегIан гIадамал шагьаралъул къватIазда, бадиб магIугун, цоцазда къвалал ралел, бергьенлъи баркулел, релъулел, гIодулел, цоцазе тIугьдул кьолел рукIараб куц...

Гьеб рагъдаса вуссинчIо I7 дир вацгIал. Цо вац вуссана лъукъа – къотIун ва рагъул ругъназдаса сахлъичIого, лъагIел иналде хвана. Гьеле гьединаб жо буго рагъ… Бихьизе хъван батугеги лъиданиги!

**PS... Аминат Ибрагьимова мустахIикълъана кIиго ЗахIматалъул БагIараб Байрахъ орденалъе, «Кавказ цIунаралъухъ» орденалъе ва «БахIарчияб захIматалъухъ» абураб медалалъеги.**

**ГIАЙШАТ ТАЖУДИНОВА.**



# Бахъун кьураб сурат, биун тӀураб сан…



ХъахӀабросулъа МахӀмудил цӀар тӀибитӀана пасихӀал рокьул кучӀдуз. Машгьурав шагӀирлъун вахъине ккани, БакьайчӀиса ЧӀанкӀал школа гуребги, гӀемерал гӀумрудул дарсалги щвезе ккана МахӀмудие.

Чанги ургъел бегана Муидеги тӀаде гӀумрудул нухда, цохӀо, гьелъ тӀалаб гьабичӀого, тӀабигӀаталъго кьураб берцинлъи букӀана гьелъул.

Бекьилъ мадрасаялда цӀалулаго, МахӀмудил бер чӀвана, гьенийго цӀалулей йикӀарай, гӀажаибго берцинай ясалъул гьумералда. Гьей йикӀана Муи. Гьеб мехалъ МахӀмудица хъвана гьадин:

*ЦӀулал киниялда куцарайилан,*
*Копой абуниги, эв капурлъила,*
*Кварил рущабаца ющарайилан,*
*Щаклъи ккананиги, ккела мунагьал.*
*Бахъун кьураб сурат, биун тӀураб сан,*
*Эбелалъ, керен кьун, кодой ккунадай?*
*Балагьун гьаглъулеб гьумерги буго,*
*Гьимун цо бихьани, бихьинал холеб.*

ГӀемераб заман бахъилалде МахӀмудица мадраса рехон тола. ГӀажаиблъи гьабурал гьудулзабазда гьес, дие дирго жугьаби хъвазе азбука гуреб жо къваригӀун букӀинчӀилан абула. Амма дидани ракӀалде ккола, гьелъие гӀилла батӀияб букӀанин: гьесда бичӀчӀулеб букӀана, Муил бечедал эбел-инсуца, мискинав тӀорччохъанасул вас рагьде вахинеги виччаларевлъи. Кинаб букӀаниги жиндир ихтиярги гьечӀей йокьарай яс щибаб къойил йихьизе, гьесие букӀана хӀехьезе кӀолареб гӀазаблъун.

ГӀемер кватичӀого Муи кьола росасе. Дагъистаналъул чуязул полкалъул офицер Къебед-МухӀамадие. ТӀоцебесеб ВатӀанияб рагъги байбихьун, Къебед-МухӀамад уна фронталде ва бахӀарчилъун хола.

Гьебго полкалда ВатӀаналъе хъулухъ тӀубалев вукӀуна МахӀмудги. Аллагь гурхӀун, лъукъа-къотӀичӀого лъабго соналдасан гьев рокъове тӀадвуссуна. Гьаниб дица бицинаро, кигӀан цӀакъ гьесул ВатӀаналдеги йокьарай ясалдеги ракӀ щун букӀарабали. Бицина Австриялда вукӀаго Муиде гьес хъвараб «Марьям» абураб поэмаялъул:

*Цо панаяб хӀухьел бухӀулеб рекӀел,*
*КӀвеларищ босизе, самаалъул накӀкӀ,*
*Соролел лугбазул бугеб гӀакъуба,*
*ГӀарза хъван кьеларищ, хъахӀил зодил хьухь?*
*Дунги дуда хадув, халкъалда сурун,*
*Хвезе бакӀ балагьун, вугин свердилев,*
*Дуде щиб къо бачӀун къотӀараб хабар,*
*КъватӀий яхъани щиб, хъван цо кагъатгун?*

Кагъат хъвазеяли щиб гурин, гьелъул гӀаксалда, Муица битӀула МахӀмудихъе, эбел-инсуца жий дуе кьоларин, гӀадада жинда хадув лъугьунгейилан, ругьел.

Вай! Рокьи, рокьи… Гьелъ нилъеда гьабизабулареб жо щиб толеб? Щибха ургъараб МахӀмудица? Щибаб къойил рогьалилъ вахъун ХӀахӀабросулъа Бекьилъеги ун, цо борхатабго гьечӀеб гохӀдеги вахун, кечӀ ахӀула гьес. Амма гьесда тӀад щивго велъуларо. ГурхӀелгун ралагьулел рукӀуна гӀадамал гьесухъ. КечӀ ахӀизеги цо кӀудияб гьунар букӀинчӀо МахӀмудил, пандрида кӀутӀизего гӀадин.

ХӀеккуна къоролалъул ракӀ! Балъго дандчӀвараб бакӀалда гьелъ абула: «МахӀмуд, хъаме дуца дун», - илан ва жинцаго бицуна, къаси жий корохъе ячӀине йигила чӀер барссизе, гьенисан дуцаги гьудулзабазги дун хъамизеги бегьулилан.

ЦӀакъ халалъула гьелъухъ ралагьун чӀараб заман шагӀирасе ва гьесул гьудулзабазе. Йихьула ячӀиней. ГьебсагӀаталъ чодул кьолоние Муиги рехун, щиб ккагигиян, тункӀазгун тунчуз зодореги кьвагьдон, кьурулъ сухъмахъалдасан гьел щола ГӀашилтӀе. МахӀмудил гьудул ХӀажимурадие бокьун букӀуна Муи жиндирго рокъое ячине сордо базе. Амма Муица абула жий жиндирго гьалбадерил дое инин, гьедин лъикӀги битӀунги букӀинилан.

- Щай? – илан гӀажаиблъи гьабула шагӀирас.

- ГӀашилтӀаса хараби дун гьаризе эбел-инсухъе ун руссинегӀанха, - ян жаваб кьола Муица .

Гьелда тӀасанкӀалъазе хӀужаги батичӀого, рокьи ккарал жиде-жидер гӀагаразухъе рикь-рикьула. Амма радал ракӀалдаго букӀинчӀеб лъугьа-бахъин ккола.

«Мун разияй йигищ МахIмудие ячIине», - йилан абураб харабазул суалалъе, инкар ккун чIола Муи.

- Дун дир разилъи гьечIого хъамуна гьез, - илан абула Муица.

Гьелъ гьабураб рекIкIаб ишалъ гIажаиблъи гьабун хутIула киналго. РакI бекарав МахIмудица гьелдаса хадуб гьадин хъвала:

*Меседил лъималъул кьерги тIад гьабун,*
*Пахьул букIун буго бицараб рагIи,*
*ГIарцул хъал тIад жемун, жаниб тIухьи лъун*
*Йижун йикIун йиго ракIалъул гьудул.*
*ХIилаялъ черх чурун, рекIкIалъ кIал бацIцIун,*
*ЯцIцIалъана гьудул гьанже халкъалъе,*
*Хиянаталъ как бан, макруялъ кIал ккун,*
*Кинаб алжаналде дур божи бугеб?*

ГIемерал соназдасан, нахъе хутIаразда гурони бичIчIичIо Муица гьабураб хиянатаб ишалъул магIна. Гьеб МахIмудилгун ва гьесул гьудулзабазулгун гьабун букIараб кьотIул хIакъалъулъ хабар тIибитIичIого хутIулароан, кидал тIибитIунги. Гьеб мехалъ би гIодобе тIечIогоги рорчIулароан. Гьеле гьел биял тIечIого рукIине къурбан гьабуна Муица жиндирго рокьи.

«Вай, дир гIадаллъи, щай дица дой гьалбадерихъе йиччарай доб сордоялъ», - илан, жиндиего гIакъуба кьолев вукIуна МахIмуд. ГIашилтIисезул бегавул Тагулица, МахIмуд, гьесул гьудулзаби – ХIажимурад, ГIабдулмажид, МухIидин, эменгун цадахъ Муиги округалъул начальник ГIарашихъе Унсоколое ритIула. Гьес цIакъ кьварун къабул гьарула гьал. Ворхатав, залимав, къирщ-къирщиялда хурумалъул чакмабиги ретIун, бухари тIагъурги лъун, рахъ-рахъалда рукIинарурал гьазда бакьулъан довехун гьанивехун вилъунев вукIуна ГIараш.

- Муи, яхъа тIаде! – йилан буюрухъ кьола наибас. – Мун дуего бокьунищ гьасда цадахъ арай яги хъамунищ? Жаваб кье!

- Дуда лъаларогойищ, ГIараш, бугеб дие гьев вокьуларевлъи. Гьале гьал гIолохъабаз хъамуна дун!..

МахIмуд гьабизе жо тIагIиналъ гьимана, амма кIалъачIо. ГIарашица жиндирго чIахIиял берал речIчIизарула МахIмудида.

- Нужеда гьоркьоб щиб букIарабали гьанже дуца бицея, МахIмуд!..

- Дир гьудул Муица бицаралда тIаде жубазе дир рагIи гьечIо.

Гьанже ГIарашица ХIажимурад вахъинавуна тIаде. Дос бер къапичIого бицуна:

- Дун радал гIаштIиги кодоб ккун ГIабдулагьихъе вилъана, рохьоре инейилан. ЦIорой бачIине букIин лъала гури киназдаго. ГIабдула вуго ХъахIабросулъа МахIмудги Муиги рачIун ругилан. Дунги, вохуца холаго, гьел рихьизеян векарана. Гьелеха ккараб жо.

Гьанже ирга щола ГIабдулмажидиде.

- МаркIачIул бер рукIкIунеб мехалъ гьел рачIана дихъе...

- Щал гьел?

- Щалха рукIинел. Гьал. МахIмудги ХIажимурадги. Гьеле гьел кIиялго рачIана дихъе маркIачIул бер рукIкIунаго…

МухIидиница абула:

- МахIмудги Муиги рачIун рукIин дида годекIаниб лъана. Гьенив гIодов вукIун кинха дихъа бажарилеб? Векерана рихьизе, - йилан.

- Гьаз бицунеб битIараб бугищ, Муи? - йилан гьикъула ГIарашица.

- Гьереси буго гьеб кинабго, - ян жаваб кьола гьелъ.

Эмен вуцIцIун чIун вукIана. ЦохIо ГIараш вукIана, къерщезарун чакмабигун, рахIат хун дове-гьаниве вилъунев. Цindaго гьес Муие буюрухъ кьола, гIагарлъиги бачун тIагIа гьанисайилан. Гьез нуцIа къайгун, гьав жувала ункъасдего ахIдезе:

- Цо коцонир чIварал гIадал нужер релъин ва яхI гьечIолъи! ТIагIа гьаниса, маймунал! – Ццидалъ гьев, гьездасаги цеве, векерула канцеляриялдаса къватIиве.

МахIмуд тIад вуссуна ХъахIабросулъе, гIашилтIиселги уна рокъоре.

Пири гIадин хехго тIибитIула магIарухъ гьеб хабар. «Бицеха кигIан берцинай гьей Муи йигеяли. Нилъер ясазул лъида релълъарайгIаги гьей йигей», - илан суалалгун гIадамал рачIуна ХIажимурадихъе.

- Гьелда дандеги ккун гIалшилтIисезул ясал къварид гьаризеги дие бокьиларо, амма Муил дида цогидаздаса тIокIаб жого бихьичIо, киналго гIадай гIадатияй магIарулай йиго. МахIмудил бераздалъун дида дой йихьичIелъул.

Хола Муи. Гьелъул вас ХIасан вукIана Бекьилъ кIудияв гIолев. Бицуна, гьесие МахIмудил цо кечI цIакъ рекIее гIун бугилан. Херав мадугьалас бицун буго ХIасанида, гьеб кечI дур эбелалде хъвараб букIанилан. ЦIакъ ракI бакъван буго васасул: «Вай Аллагь, дир эбелги хвечIейани, МахIмудги чIаго вукIаравани, квер ккун гьейги ячун инаан дун гьесухъе ва цадахъ рукIаян гьарилаан», - илан абун буго ХIасаница.

- ГIемерал соназ цебе, дунги дир гьудулзабиги, Унсоколоса ХъахIаб росулъе унаго нухда, чваххун балеб цIадакье ккана. Июль моцI букIаниги, квачанги букIана. КIиго сагIаталдасан ниж реххун тараб Бекьилъ росдал чIваднал ругел бакIалде щвана. Цо-цо рукъзабазул тIохал рукIинчIо, цо-цоял тIубан риххун рукIана…

Гьаниб Бекьилъ гIемерал соназ цее гIумру гьабун йикIана ва хвана МахIмудил рокьи – берцинай Муи. Гьезул хIакъалъулъ бицунеб жо щибго хутIун гьечIо росулъ.

Заманаялъ гамачIцин хъурула, амма гIадамазул ракIазулъ даимго хутIила МахIмудилги Муилги цIарал. Насалабаз наслабахъе кьун, нахъе хутIила хъахIабросулъесул бекьилъелъухъ ккараб тIубачIеб рокьул къиса.

**Булач ХIАЖИЕВ**



# Эбелалъул ракI



Дица гIемер пикру гьабула, киндай гIадамасул бахIарчи вахъунаян. Сунца гьел тIамулел, хIинкъи-къайги къезабун, бахIарчилъиялде гали тIамизе? Рес бугищ гIемеразда гьоркьов бахIарчи ватIа вахъизе?

Гьале дида цере гIодор чIун руго кIиго гIадатиял росдал руччаби. ЗахIматалъул пинкьазул цIун руго гьезул кверал, гIумру бихьун щвараб гIакъиллъиги буго гьезулъ. Гьурмаде реххарал рукIкIалабаз бицунеб буго гьезда гIемераб лъикIабги квешабги бихьун букIин. Гьел ккола Буйнакск районалъул Гъоркьа Жунгут росулъа Гьайбат ТIалхIатова ва Рабият ГIалиева. Гьей кIияйго бахIарчияй чIужу-гIадан 1999 соналъ улбуллъун рукIана россиялъул киналго регионаздаса нус-нус солдатазе.

– Къадаразул зонаялдаса рикIкIада гьечIелъулха ниж, - илан бицана Гьайбатица. – Доба къого соналъ цебе букIараб жоги жеги лъидаго кIочон тун батиларо. Вагьабияз нижер ракI исламалъул зона бугилан лъазабуна, жал Россиялъул законазе мукIурлъиларилан лъугьана. Хаттабица гьениса гIадан лъадилъунцин ячун йикIана. КинабгIаги рахIат букIинчIо нижееги.

Дун ккола щуабилеб разрядалъул маляр, гIумруялъ ралел бакIазда хIалтIана. Харадуний яхъун лъугьана росулъ магIишат гьабизе. Ракь нижер гьаниб лъикIаб буго. Гьединлъидал дица гIезарулаан охцерал, помидорал. АскIойго Рабиятги йикIана. Нижее росдал Советалъ аскIосан унеб нухда бакIги кьун букIана нижерго хурир гIезарурал нигIматал ричизе.

Доб соналъ дир вас вачIун вукIана армиялдаса. Дунги йикIана васасе чIужу ячине гIарац данде рехулей.

Щуабилеб сентябралъ радалго бахъана квешаб кьвагьа-гIанхъи. Дида ккана ракь багъарулеб бугилан ва екерана базаралде, гьенир дир нигIматал хутIун рукIана ящиказда жанир. Данде вачIунев вуго нижер колхозалъул председатель Ризван ГIалиев.

– Кие екерулей йигей, Карамахиялде бомбаби ралел рагIулеб гьечIищ?

Дун екерана Рабиятихье. Гьелъул гордухъан лъикI бихьулаан нух. Рихьана Къадаралъулазул КАМАЗал мухъ гьабун рачIинел. Ниж цIидасан росдал Советалде рекерана. Гьенир ругоан рагъухъаби.

«ХIадурлъе, - ян абуна гьез, - чара гьечIого къваригIунеб къайи бакIаре, цадахъ босизе. Нуж росулъа къватIире рахъинаризе руго». Кие дун иней? Дир лъабго гIакаги пастIанги буго. ХIукму ккана, бокьараб бахъайин, гьенийго чIезе.

Лъабабилеб кьоялъ дихъе вачIана Ризван. Гьес бачIана ханжуги, дагьабго гьанги ва: «Руччабиги ракIарун солдатазе квен гьабе» ян гьарана. Дун Рабиятихье йилълъана. Байбихьана квен гьабизе. Бежана чед, кIиго кIикього литра жанибе унеб хьагиниб гьабуна чурпа. Гьанже кин гьеб добе босилебали лъаларого рукIана? Рилълъана мадугьал ГIали ГIабдулхIакимовасухъе. Гьес ниж жиндирго юк баччулеб машинаялдаги рекIинарун щвезаруна солдатал ругеб бакIалде.

РакIалдаса ине бахъана, лъабго кьоялъ гьоркьоса къотIичIого балеб букIана цIад. Ниж гьенире щведал, солдатал ругоан накалде бахараб хIарщулъ, квачанги ракъунги. Нижеца гьезухье хинаб чедги чурпаги кьолеб букIана, амма квачаялъ догI-догIарал гьезул кверазда щибго ккезе бажарулеб букIинчIо …

ТIаде жоялъе, цо офицерги лъугьана ахIдезе: «Кинабго нахъе босе, нуж лъала нижеда. Чачаназулги рихьана гьединал «ракI гурхIарал руччаби», гьез ниж ругеб бакI лъазабулаан ва къаси рачIун гьезул росал нижеде кьвагьдолаан», - илан. Ниж гьесухъ гIенеккичIо, кин нахъе инел гьенир ракъарал, къечарал, квачарал лъималги тун? Рес къотIиялъ цIадал лъим гьекъолеб букIана гьел пакъирзабаз.

Дир вацасда бихьана Афгъанистан, гьениса вуссиндал дос гIемераб жо бицунаан. Дораги гьединго хутIулел рукIун руго нилъер васал ракъунги къечонги…

Солдаталги кванаразун ниж рокъоре руссана. Росулъ лъабго бутIаги гьабун цо бутIа гIанасел гIадамал хутIун рукIана. Рокъоре щведал нижеца байбихьана кванил нигIматал, хинаб ретIел-хьит, дараби ракIаризе. ГIемерисезул рукъзал, жалгоги тIурун ун, рахачIого хутIун ругоан. Гьеди-

нал рукъзабазде жанире ниж ихтияр гьечIого лъугьунел рукIана, хIажатаб нахъе босулеб букIана. Хадусеб къоялъги хIадурана гьединго квен, цIезаруна ратIлица къандалъаби, босана балонал ва шушби цIун гьекъезе лъим ва ГIалица ниж цIидасан щвезаруна солдатазухъе.

– Щибаб къоялъищха гьедин унел рукIарал?

– У, - ян харбида гъорлъе жуяна Рабият. – Ниж 28 къоялъ гьенире хIалтIуде гIадин хьвадана. Нижее кумекалъе ратана росулъ хутIаралщинал руччабиги, гьез бежулеб букIана чед, гьабулеб букIана квен, нижеца гьеб добеги щвезабун бикьулаан.

Амма заманалдаса ГIали хутIана бензинги лъугIун ва нижеца гьабизе ккана таваккалаб иш. Гьелъул хIакъалъулъ Гьайбатица бицина. Гьей йиго нижер «боевик».

- Щиб бицинеб, - абун елъана Гьайбат. - Ана штабалде. Гьеб букIана школалда. Гьениб бугеб машинаялда хъван бугоан «Огнеопасно» абун. АскIов вугоан цо чи. Гьесда дица гьарана: «Биче дие I0 литр бензиналъул» абун. Гьес инкар гьабуна. Сверухъе ялагьидал добегIан бихьана чIегIераб «Волга», гьелда аскIор ругоан лъабгоял ва бихьулеб букIана гьел цо киналалиго хIакимзаби рукIин. Дун гьезда аскIое йилълъана, ва солдатазе квен босун ине бензин къваригIун бугин нижееян абуна. Гьез багажникги рагьун 25 литра бензин жаниб бугеб канистра кьуна дихъе. Хадув ахIана дов гIолилавги аскIове ва щибаб къоялъ анцIго литра бензин нижее кьеян лъазабуна.

– КъвакIарай гIадан йихьула мун…

– Гьебали щиб гурин, - илан гьимана Рабият, - дуца гьикъе кин гьей генералгун ягъараяли…

– Ягъулей йикIинчIоха дун гьевгун, дагьавго кIовокIизе ккана карандасаги ккун. Щибха гьабизе букIараб? Заманалдаса нижехъ киналго кванил нигIматал лъугIана. Гьел росизе ине бакIги букIинчIо. Гьединлъидал дун цIидасан штабалде йилълъана. Ругоха гьенир цо чIухIарал къачIарал, парахат кофе гьекъолел. Столалда тIад буго пихьги конфеталги... Дица гьезда бицана солдатазе квен гьабизе рес гьечIилан, продуктал лъугIун ругилан. «Складалдаса продуктал кье нижехъе» - ян абуна дица. Гьезул цояс чIухIун жаваб кьуна дие: «Солдатазухъ буго сгущенкаги тушенкаги, гьеб гIола гьезие» - ян. Гьаа, гьединищха бугеб!? Сабруго гьабун бажаричIого, тIадги речIчIун дица карандаса ккуна гьесул пиджак. «Мун гьанив бугIулев вуго, хъурумсахъ, дора лъимал руго ракъунги, къечонги, квачанги. Гьез дур гьеб сгушенка банкабигун цадахъищ кваналеб бугеб? Дида гьениб цоиги чIобогояб банка бихьичIин»! Гьеб мехалда цогидав лъугьана дун гIодое йиччазайизе, дие кофе тIезе. «МагIарзухъан бачIина дида гьеб нужер кофе», - ян инкар гьабуна дица. Гьеб мехалда гьес цо гIолилав ахIана ва нижее складалдеги рачун гьениб бугебщиналдаса нижеца гьарараб жо кьейилан абуна.

Щвана складалде. Гьев сихIирав къарумица дихъе кьолеб буго томаталъул банкаги макароназул пакетги. Дица гьев нахъе цуна ва лъазабуна аскIовегIан къани гьеб банка дур ботIролъ щвезабизе бугилан. АхIана Рабиятги, росана кIудиял къандалъабиги, бугIун цIезаруна гьел кванил нигIматазул.

- Цо къоялъги квенги босун щвана ниж лъималазухъе - ян бицана Рабиятица. - Дица тIолеб Гьайбатица кьолеб букIана. Циндаго гьей гIакълуялдаса ун гIодой ккана. Дун гьелъухъе йортана. Гьениб…

Руччабазухъа хадусеб бицун бажарулеб букIинчIо. ЦIакъго ракI гьанцIулеб сурат буго жеги беразда цебе. Машинаялдаса рахъулел рукIун руго чIварал гIолилал.

– 11 гIолохъанчи лъуна гьенив нижеда цеве. Гьезда гьоркьов цояв вукIана казахав. Щибаб нухалъ ниж квенги босун рачIиндал гьес абулаан «экиашбер» илан. Казахазул мацIги лъарагIазулалда релъараб гIадаб бугелъул, гьев нижедехун гIагараздехун гIадин вукIунаан кIалъалев, - ян бицана Гьайбатица, магIуги бацIцIунаго. Бихьулеб букIана гьел жеги пикрабалъ добго бакIалда ругеблъи.

– Дида бихьана сверухъ жетонал щущан рукIин. Нижее солдатаз бицун букIана гьездалъун лъазе кIолилан чIварав чи щивали. Дицаги гьел ракIарун щибаб жаназаялда аскIор лъуна, - ян бицана Рабиятица.

КигIан захIмалъаниги, хадусеб къоялъги ана гьел квенги босун солдатазухъе.

– Гьенив вукIана цо лейтенант, Ростов областалъул Донской районалдаса. Дица цебе гьениб гIумру гьабун букIана, - ян ракIалде щвезабуна Рабиятица. – Гьединлъидал гьес дида ракьцояйилан абулеб букIана. Ниж рихьаралго гьеб къоялъги абуна гьес: «Землячка, жакъа буго дун гьавураб Къо» - ян. Рокъое щвейгун бежана гьесие пирог, росана щватаби, кофе ва цIидасан щвана гьенире. ГьитIинаб лъимер гIадин вохана солдат ва гьарана: «Нужехъ кинаб букIаниги сабаб букIунарищ, нужер Аллагьас нижер гIумру цIуниялъе батулеб? Бегьулеблъун батани, босе гьеб дие». Хадур цогидазулги бахъана гьаракь: «Диеги, диеги!...» - йилан.

Доб сордоялъ дица росу сверана, ракIарана чIумал ва хадусеб къоялъ гьенире щвезаруна. Рихьизе лъикIан нужеда гьез гьел лъороб рахчарал куц… «Ниж ракIалде щвеялъе нужее щибха кьелеб?» - илан гьикъана гьез ва чIегIераб чадил буханкаги нухда хIалтIизарулел стаканалги росун рачIана. Нижецаги гьел жеги цIунун руго.

– Гьанже гьезулгун бухьен бугищ нужер?

– ГьечIо. Нижее щвечIо гьезулгун къо лъикI гьабизеги. Гьеб къоялъ нижеда гьарана ОМОНалъулал кваназарейилан. Гьенир ниж рукIаго нижер солдатал рачун ун ратана. Гьел ахIдолел рукIун руго: «Эбел Гьайбат, эбел Рабият!» - илан. Гьеб нижее хадуб росуцояз бицана.

- Хадуб щиб букIараб?

– Хадуб? Нижее кьуна Путинил цIар хъварал сагIталги медалалги. Ва ниж ракълилаб гIумруялде руссана. Бекьараб бижулеб беэнаб нижер ракьалда, махх-мачIалъул гIемерлъиялъ, помидоралги охцералги гIезаризе рес ккечIо. Рокъобги щибго хутIичIо. Росасул цохIо гьат ратIлил хутIана, хутIараб солдатазе кьун ана, - ян абуна Гьайбатица. – Нижеени медалгIаги щвана, нижер вукIарав шофер ГIали лъидаго ракIалдегIаги щвечIого хутIана.

Дун цебесеб хIалтIуде тIадюссине ккана. Доб мехалда Карамахиялда бана милициялъе цIияб мина, гьениб моляралъун хIалтIи щвана дие. Рабиятги дица цадахъ ячана. Гьеб батIияб хабар буго…

***…Гьелдаса хадуб ана къого сон. ТIубараб гIумру. Амма мех-мехалда цере рачIуна дол, нижеца улбуца гIадин кваназарулел рукIарал, ракъарал ва квачарал гIолилал. Гьединго цереса унаро дол чIварал анцIила цо солдат… Дол бомбабаз гьаргьазабулеб букIараб ракь...***

***Гьале гьел бахIарчиял улбул дида цере. Дун ялагьун йиго гьезул кверазухъ. Жидеца унго-унгояб бахIарчилъи бихьизе гьабурал улбузул кверазухъ…***

**САБИНА ИСРАПИЛОВА**

# РАКІ ГЪАНЦІУЛЕБ КЪИСМАТ



**Дида ургъел чIвана. Кин тIубазабилеб редакциялъул тIадкъай, кин хъвалеб дида киданиги дандчIвачIел чагIазул хIакъалъулъ макъала? ДандчIвазе хъванги батугегийин. Дида нижер подъездазда жанир шприцалги ратулароан, кIотинарурал гIадамазулгун гьоркьоблъиги букIинчIо, наркотиказул хIакъалъулъ лекциялги нижее, гьадинго, чIамучIго, тIаса-масаго цIалулаан… Гьай-гьай, дида лъалеб букIана наркотикал хIалтIизари балагь букIин, амма гьеб букIана, цо гъорлъего яккичIого, пикруго гьабичIого гьабураб божилъи.**

Наркотиказул балагьалъулгун дир тIоцебе лъай-хъвай ккана телевидениялда хIалтIулелъул, редакциялъул тIадкъай тIубазабизе къватIие яхъиндал. АхIизе ккана гьеб ишалдехун хурхен бугелщинал ведомствабазул пресс-хъулухъазде, дандчIвазе ккана тохтурал - наркологалгун, оперативникалгун, больницабаздаги туснахъаздаги ругел жалго наркоманалгун, бихьана гьезул яшав.

Гьеб материал данде гьабулаго, наркотикал хIалтIизарулездехун дир бербалагьи хисулеб букIана: ургъел гьечIеб (наркоман – унтарав чи) бербалагьиялдаса гьеб сверулеб букIана рокьукълъиялде. Лъаларо гьезда гьоркьов дир гIагарав яги цевесев чи вукIаравани щиб гьабизе букIарабалиги.

Гьале гьанже дун цIидасанги гьеб темаялда тIасан журналалъе макъала хъвалей йиго. АхIана церего лъалел рукIарал оперативниказухъе. Гьел гIемерисел хIалтIудаса нахъе ун яги гIодор чIун ратана. Амма гьез кумек гьабуна. Баянлъана наркотиказул бизнес, гIелмияб цебетIеялдаса нахъе кколеб гьечIолъи ва гьелда данде гьабулеб рагъги кутаклъулеб букIин. Оперативниказ бицухъе гьанже наркотиказул ассортимент гIатIилъун буго. Жиб машгьураб героингун кокаин ва гьел гьарулел жал гурелги, гьанже хIалтIизарулел руго цIам, спайс, лирика, трамал ва цогидалги черхалъе заралиял жал. Гьел руго къуватал галлюциногенал. Гьезде чи бигьаго ругьунлъулевги вуго. Гьел хIалтIизарулаго гIадал нахалда жаниб жо кквезе ва гьединго хвалиде рачине хIинкъиги буго.

Ихтиярал цIунулел органазда цадахъ лъугьун гьанже хIалтIулел руго жидерго гIагарлъи ва гIадамал цIунизе бокьарал, сахаб гIумруялде ругьунлъизе къваригIаралги. ГIемерал руго гьенир гIолохъаби – жигарчагIи.

Дида гуребги бихьулеб батила МахIачхъалаялда къадазда гаражазда гIаламатал гьарун наркотикал ругеб бакI бихьизабун букIин. Наркодиллераз гьанже гIемер пайда босула «Telegramm-channel» абураб жоялдаса. Гьедин ракIарула заказал. Цебе гьединаз хъвазе кколаан чIахIаго «БИЧУЛЕБ БУГО РУКЪ» «БИЧУЛЕБ БУГО АВТО» абун ва гъоркь бихьизабулаан телефон. Гьелде данде рагъ гьабизе байбихьана «Дагъистан нарко-

# яги ЧІАГОЯЛ ЖАНАЗАБИ

тиказде данде» абураб жамгІияб гІуцІиялъул хІаракатчагІаз. Гьез шагьаралъул къватІазда гьединал хъвай-хъвагІаял толаро.

Жив пенсиялда вугев цо оперативникас бицана, ихтиярал цІунулезда кидаго лъалила жидер районалда ругел наркотикал ричулел чагІи.

– Лъиданиги ракІалде кколеб батани жив наркотикал ричулев вукІин тІатинарилан, гьев мекъи вуго. Соцсетазда гьесул хъвай-хъвагІай нижер хІалтІухъабазул берзукь букІуна, амма гьез гьев дагьаб заманаялъ тола, гьесие гьеб бачІунел яги бичулел диллерал тІатинегІан. Наркотикал ричулездехун хитІаб гьабулеб гІадин тІадеги жубана гьес. – Гьединлъидал, нужеца, гІиси-бикъинаб даран гьабун, цІалдохъабазе ва студентазе гьеб бичулаго, кумек гьабула нужее бичулевги ватизе. Гьеле гьел чІахІиял кквезе щвезегІан тун рукІуна нужги рихьичІеб хвел гьабун.

ЗахІматго унтарал гІадамазе рихьизарулел психотропниял дарабиги руго гьанже наркотикал хІисабалда хІалтІизаризе ричулел, хІатта аптекабаздасагицин росун бажарула гьел. Гьедин, полициялъги активистазги цадахъ рейд гьабулаго тІад ккун вуго, рецепт гьечІезеги, аптекаялдаса къуватал дараби ричулев чи. МадугьалихъгІумру гьабун ругел гІадамаз бицанила, гьеб аптекаялда бокьараб заманалда щиб бокьаниги босизе рес бугин ва гьединлъидал наркоманалги гьенире гІемерал хьвадулилан. Гьедин тІатун буго цоги точка ва гьелда сверухъ ратун руго хІалтІизарурал шприцалги, чІороголъарал гъутхъалги…

– ДаранчагІи тІадкквейгун, гьез гІиллаби ургъизе байбихьана, гьеб жидехъ букІараб жо гурин, лъицаялиго жанибе реххун бугилан. Аптекаялъул бетІергьаналъул бетІер дагьабги лъикІ хІалтІана. Гьеб жинца тІоцебе бичулеб бугилан абуна гьелъ, гІагарай гІаданалъе къватІисеб улкаялда хираго чІолеб операция гьабизе кколебги букІун.

Гьелъиеги гьел жал ричулел ратаразеги судалъ тамихІ къотІила, аптекаги къала, амма балагьараб мехалда гьеб хадубги рагьизе буго. Щайгурелъул, гьединаб хайир кколеб бакІалда къваригІарабщиналъуб хІалтІизабизе гІураб гІарацги гьабула, гьединал аптекаби цІидасан рагьарал бакІалги гІемерал лъала. Гьедин хъантІарал даранчагІи бечелъула, мискинал наркоманал хола.

МВДялъул хасаб отделалъул хІалтІухъангун гара-чІвариялда рукІаго, гьение ячун ячІана, наркотикал ричулеб бакІалда ятарай кІикъого сон барай гІадинай гІадан. Паспорталда рекъонин абуни гьелъул букІана 2І сон. ЦІарги гьелда Заира бугоан. Дие ихтияр кьуна гьелда цІех-рех гьабулелъул аскІой йикІине.

Заирада абуна кверал рихьеян. Бидурихьал гьелъул ругоан квешал ва гьенир якъинго рихьулел рукІана рукІкІби чІварал бакІалги, «нухалилан» абулеб буго гьезда, амма цІиял рукІкІби чІварал бакІал гьечІоан. Цояв гьеб отделалъул хІалтІухъанги валагьана гьелъул гІужазухъ ва абуна гъоркьан ретІел хутІизегІан тІаса жо бахъайилан. Дун палгъан хутІана гьелъул рукьбиги хъалги гурони гьечІеб черхги бихьун.Чехьалда гъоркьехун кІиго бакІалда бугоан рецІуца кунеб ругъунги. Гьеб бугила кидаго наркотик жанибе биччалеб бакІилан бицана операз.

Турулеб гьаналъул гІадинаб махІги букІана ясалъул черхалдаса. РетІел ретІун йигеб мехалда



абизегIан рагIичIониги, тIаса жо бахъидал гьеб квешго чIвана. Гьелъ хадубги ретIана жиндир, кIодол гIадинаб, гIатIидаб горде. Бералги гьелъ хIалицаго гIадин рагьулел рукIана, зама-заманалдасан кьижун кколей йигилан кколеб букIана. Гьелъ абуна жиндие бадибеги жо тIинкIизе кколилан. Гьеб каламги Заираца гьабуна хIалицаго гIадин ва гьенисанго наркоманазул отделениялде ячун ана.

– Жийгоги хвезехъин йиго, цогидалги ругьун гьарулел руго, - ян абуна операс, - «берзда жанибе жо тIинкIулел», гьей нилъеда йихьарай Заира гIадин рецIцIалъул ругъназ ккола ва чIагого турула. Гьезул тIул кIодолъула ургьиб жаниб гьунаредухъ. Гьанже, больницаялда хвасарги гьаюн, гьелъие тамихI гьабизе ккола наркотикал тIиритIизаруралъухъ.

Наркоманалгун хIалтIулел оперативниказги тохтурал - наркологазги бицухъе, къойилго «капляби» хIалтIизарулел наркоманаз бащдаб лъагIалидаса цIикIкIун гIумру гьабулеб гьечIо. Гьел руго чIагоял жаназаби.

– Цере гIадин наркоманазул жаназаби къватIазда ва подъездазда жанир гьанже гIемериселъ ратуларо, гьел рукIуна притоназда яги рокъор, - илан абуна отделалъул хIалтIухъанас. Гьесго бицана, цо нухалда жал ППСалъул рейдалда ругеб мехалъ, бегараб къаркъала батун букIанила подъездалда жаниб болъабазда. Гьев хварав чи вугодаян ракIчIеялъе тIаде «Хехаб кумек» бачIинегIан, жидеца гьеб цIунизеги кканила. Гьеб заманалда тIаде ячIанила милиция гьенибе ахIарай кIодо. Гьелъ жаназаялда тIаса горде реххидал, бихьанила мугъзал тIасияб рахъ тIубанго рецIцIуца кванан ва гьениб борохьгицин букIанила бан.

– Кин гьеб къаркъала подъездалда жанибе ккараб? Заман гьениб барабани бихьичIого гьеб букIинаанищ? Дица гьелъул бохалда тункана хвараб бугодаян бихьизе. Гьеб мехалда черх тIуркIун бачIана ва милициялъул наряд бихьидал, вихххун лъугьана, хадув тIадеги вахъун кIусун чIана. Гьеб бихьараб мехалъ дой херай гIакълуялдаса ине дагьалъ хутIана.

Хадуб нижеца гьенибе ахIана СМПялъул бригада. ТIаде щвараб хехаб кумекалъул тохтур йикIана гIолохъанай стажёрка. ЧIагого турулев наркоман вихьидал гьелъулги ракI багъаризе байбихьана ва къотIное хъархъазулъе тIурун ана. Гьебго гIиллаялъ гьенивего арав нижер нарядалъул стажёрги вукIана. – Хехаб кумекалъул тохтурасулин абуни щибго хIал хисичIо, гьес наркоманасде тIаде цо лъамалъи пунхъана ва абуна: «къаде квен лъугIана гIолохъаби» - ян, хадуб ругъунги бухьун вачун ана больницаялде, - ян лъугIизе тана операс хабар.

… Гьаб гIасруялъул байбихьуда МахIачхъалаялда вукIана Санкт-Петербургалдаса Руслан абурав гьайбатав, ворхатав, сахав 30 сонилав гIолилав. Гьес тIубарал залал ракIарулаан ва жив вугила цеве вукIарав наркоман ва гьелдаса хвасарлъизе дие «божиялъ» кумек гьабунилан бицунаан. Гьедин гьес сах гьаризе хьул лъурал ракIарулаан динияб сектаялде. РагIи кьолаан, жиндир гьересияб христианазул секталде лъугьани, наркотиказул хIажалъи лъугIизабизе бугилан. ХIакъикъаталдайин абуни лъугIизабулаан гьезул гIарац ва буголъи. Заманаялдасан гьесда хадур лъугьана ихтиярал цIунулел, амма Русланица Дагъистан тана ва гьесул къисмат лъидаго лъаларо. Доб мехалъин абуни, хIатта МВДялъул хIалтIухъабаздагицин ракIалде кколеб букIана, гьес гурхIел-рахIмуялъул хIалтIи гьабулеб бугин, гьесул кумек гIадамазе ккезе бегьулилан.

ХIалтIул къо рагIалде щолеб мехалда отделалде бачун бачIана цойги «чIагояб жаназа». Кисиниб бугебщинаб столалда лъейин абидал, гьес кисиниса рахъун рачIана хъат цIурал хIалтIизарурал шприцал. Къогониги букIун батила. Киса ва сундуе дуе гьалгощинал шприцалилан гьикъидал, жинца гьел притоназда ва аптекабазда сверухъ ракIаранила ва «замывать» гьаризе къваригIун ругилан абуна гьес. Гьеб рагIи тIоцебе рагIулеб бугоан хIатта гIемераб жо бихьарал оперативниказдагицин. Ккурас баян гьабуна, рукIкIеналда ва шприцалда жаниб дагьа-макъабгIаги наркотик хутIун букIунила ва жинца гьелги чурун бакIарараб лъамалъи биччалила жиндидаго. Гьедин цо укол бакIариялъе хIажалъулила 25 шприц. Гьелдаса унти ккезе хIинкъуларищилан гьикъидал гIолилас жаваб кьуна, жив гьитIинаб мехалъ цIогьодулаанила, наркотиказе гIарац къваригIун, ва гьелъ жив туснахъалде кканила. «Цоги нухалда туснахъалде ккезе дие бокьун гьечIо, гьадинго лъикI, дир СПИДги гепатитги буго. Байбихьана хурдуздаса, хадур къуватал наркотиказде вачIана. Нижер компаниялъул нахъе хутIарав чиго гьечIо. Хвана. Иргадулав гьалмагъ хабалъе ун хадув, нижеца цоцазда гьикъулеб букIана: хадусев щивилан. Ахирисев гьалмагъ тIовитIун хадуб, дица хабада дидаго гьикъана ва жавабги дицаго гьабуна: хадусев дун», - ян угьун хIухьел биччана гIучI гIадав гIолилас ва операз гьесда гьенибго тIокIцIар лъуна «замывшик» - илан. Гьеб цIарги компьютералде босун, гьез гьев виччан тана…

Гьаниб хъвараб жо цIаларав яги гьединав чи вихьарав чияс наркотиказулгун гьудуллъи гьабизе батиларин ракIалде ккола. Цощина гьелъул хIал бихьизе ракIалде ккани, кIочонге, бигьаго гьадинабго хабаралъул геройлъун лъугьине бегьулеблъи.

**P.S. Наркотиказул бугеб заралалъул хIакъалъулъ дица бахъараб документалияб киноялъ, Москваялда, Россиялъул Федерациялъул Советалъул премиялъе тIобитIараб конкурсалда, «ГIумру гьабиялъе ихтияр» абураб номинациялда цебесеб бакI ккуна.**

**Виолетта РАТЕНКОВА**

# Дагъистан чIухIарал ясал

«МагIарулай» журналалда нилъеца рагьулеб буго «Дагъистан чIухIарал магIарул ясал» абураб гьумер. Мурад буго, жидер гIумруялдаса мисал босизе мустахIикъал магIарул ясазул хIакъалъулъ гьитIинабго баян кьезе.



**Раисат МухIамадрасуловна ГIАБДУЛБАСИРОВА**

Педагогикияб иститутальул филологияб факультетги лъугIун Раисат МухIамадрасуловна школалде ячIаралдаса нахъего бихьана киназдаго, жинца гIоркь ккураб дадил жаваб гьелъ тIадегIанаб даражаялда кьолеб букIин. Гьединлъидал Раисат цин ячана ГIахьвахъ районалъул лъайкьеялъул отделалъул методистлъун, хадуй тIамуна гьебго отделалъул нухмалъулейлъун. 2009 соналдаса нахъе Раисат МухIамадрасуловна хIалтIилей йикIана Дагъистаналъул лъайкьеялъул министерствоялда специалист-консультатлъун.

Гьадинай ракIбацIцIадай хъулухъчIужу жидеего къваригIун йигилан, районцояз течIого, ГIахьвахъ районалъул администрациялъул хъулухъал тIуралейлъун (управделами) магIарухъе ячун ана Раисат, гьабсагIат гьений хIалтIулейги йиго.

Раисат йиго «Дагъистаналъул мустахIикъай мугIалим», «Россиялъул гIаммаб лъайкьеялъул хIурматияй хIалтIухъан», руго гьелъул рикIкIун хIалкIоларел грамотаби, хIурматиял шапакъатал, баркалаялъул кагътал.



**Рашидат ГIумаровна ГIАЛИАСХIАБОВА**

Рашидат ГIалиасхIабова гьаюна ЧIарада районалъул ЦIуриб росулъ. Культпросвет училищеялда цIалулаго байбихьана ЦIуриб росдал библиотекаялда хIалтIизе. Эбел-эменги хун, гьитIинал вацал-яцазда кверги чIвазе ккун, 3 курс лъугIигун, ДГУялъул библиотекаразул отделениялда цIали рехон тезе ккана. Гьелъул хIалтIи бокьиги жигарчилъиги бихьун, Рашидат тIамуна ЧIарада районалъул культураялъул отделалъул методистлъун.

Рашидат йиго жиндирго хIалтIуе барахщичIого рухIги жанги кьолей гIадан. Гьеб хIалтIуда цадахъго Рашидатица ЧIарадисезул Халкъияб театралъе режиссерлъиги гьабула. Хун унеб букIараб, цебего «Халкъиябин» цIар кьураб, чIарадисезул театралда рухI речIчIана гьелъул хIаракаталдалъун.

Гьей мустахIикълъана «Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан» ва «Дагъистаналъул захIматалъул бахIарчIужу» цIаразе, «Дагъистаналъе рухI кьезе хIадурай» пачалихъияб премиялъе ва рикIкIен тун гIемерал хIурматалъул ва баркалаялъул кагътазе.



**Майсарат АхIмадовна ШАГIБАНОВА**

ЛъаратIа районалъул ЛъаратIа росулъа Майсарат АхIмадовна Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул батIиял пачалихъазул мацIазул отделениеги лъугIун росулъе ячIараб заман рукIана Совет хIукуматалъул 60-лел сонал. Районалда ясазул интернатги рагьун гьелъул директорлъун хIалтIана Майсарат байбихьуда. БукIана гьелъул лъаратIисезул Фрундзел цIаралда бугеб колхозалъул ва РайПОялъул председательлъун хIалтIулеб заманги.

Гьелъул жигарчилъи бихьун, заман бахъилалдего Майсарат тIамуна Райком комсомолалъул тIоцеесей секретарлъун. Хадуб гьелъухъе кьуна ЛъаратIа Райком партиялъул лъабабилей ва кIиабилей секретаралъул хIалтIи. ЧIужугIаданалъе бигьаяб хIалтIи гьеб букIинчIо. Майсаратил гIужда щолеб рагIиялъулги, партиялъул тIадкъаял тIуразаризе бугеб жигаралъулги, бахIарчилъиялъулги цIар ун букIана доб мехалъ.

ГьабсагIат Майсарат АхIмадовна йиго, лъималазги лъималазул лъималазги сверун ккун, мустахIикъаб хIухьбахъиялда. Гьелъие щванщинал шапакъатазул хъвани, журналги цIела. Гьединлъидал нилъеца гьарила Майсаратие щулияб сахлъи ва халатаб гIумру.

ТӀаде ралагъун лъицаниги 60 сон гьесие кьелароан. Дагьабго бетӀер хъахӀун букӀаниги, гӀолохъанав, къамартӀав, аваданав, гӀадамазул ракӀ тӀаде цӀалев чи вугоан Ислам Шовкринский. Юбилеялъ рес кьола хӀасилал гьаризе, тараб нухалъухъ ралагьизе ва букӀинеселъул пикру гьабизе. Гьелдаса пайдаги босун, дицаги гьудулалъги хӀукму гьабуна, Шовкринскиясулгун гара-чӀвариги гьабизе, гьоболлъухъ ине. РакӀги бухӀичӀо. Жанире лъугьарабго нижеда чӀвана гьеб хъизаналъул талихӀалъулги, хинлъиялъулги, аваданлъиялъулги, гӀадамал рокьиялъулги асар.



# Ислам Шовкринскиясул хӀатӀул дуниял

Ислам вугоан хабар гӀемер букӀунарев чи. Амма, нижер лъалелхъвалел чагӀиги гӀемерал ратун, цодагьабниги жиндирго хӀакъалъулъ бицинчӀого гьев тӀубачӀо.

- Эбелалъе цӀакъ бокьун букӀана дир музыкант вахъине. Гьеб мурадалда пианиногицин босун букӀана, - ян гьимана Ислам. Лъабго соналъ цоцазе гӀакъубаги кьун тун буго Исламица музыкаги, музыкаялъ Исламги. ГӀадада босараб жойищин абилан, эбелалъ тӀад лакги бахун, жанахӀалъул бокӀниб кенчӀелеб пианиного хутӀун буго.

Суратал рахъизе, кверaз щиб букӀаниги жо гьабизе гьитӀингоялдаса бокьулеб букӀун буго Исламие. Гьале гьитӀинаб мехалъ бахъараб сураталдаги гьев кодоб пластилиналъул коробкаги ккун. Художественияб школалдеги кинго ун вахъун гьечӀо. Ислам машгъуллъун вуго рельлъинарун комиксазул ва сатирикиял картинкабазул суратал рахъиялде, школалъул стенгазета гьабиялде ва художествияб самодеятельносталда гӀахьаллъи гьабулеб букӀун буго. Щибниги гьабичӀого, чӀалгӀаде заман хвезабизе бокьулеб букӀун гьечӀо гьесие гьитӀинаб къоялдаса нахъе. Кверал хӀалтӀани гурони бетӀерги хӀалтӀуларилан, кидаго квал-квадилев вукӀунев вуго Шовкринский.

Исламил эбел тӀаде яхьинчӀого букъарулеб машинаялда нахъа хӀалтӀулей йикӀун йиго. Жинцаго гьарурал жалазе гьелъул кьимат къваригӀун, сверун лъугьун Исламги вукӀунев вукӀун вуго. Гьес кагътида рахъулел рукӀун руго бер-кӀал ва эбелалда гьикъулеб букӀун буго: «Гьаб куцалъ щиб бихьизабулеб бугеб?» - илан. Эбелалда гьениб, жиндие загьир гьабизе бокьараб жо бихьулеб батичӀони, цӀакъ гӀажаиблъиги гьабулеб букӀун буго. Гьанже гьесие кеп щолеб буго, доб мехалда жив эбелгун барщулев вукӀараб куцги ракӀалда щун. Дол бер-кӀалалин абуни чӀухӀигун ракӀалде щолел руго, щайин абуни, дол рукӀана унго-унгоял смайликал ва гьел гьечӀого гьанже нилъ киналго тӀубаларо. Жинца гьел рахъулел рукӀанила жеги виртуалияб бухьеналъул бичӀчӀиго гьечӀеб заманалда.

Херлуфа Бидструпал сатирикиял суратазде машгъуллъизе жинца байбихьанила санаде вахунеб ригьалда – жидер рокъоб букӀанила Бидструпал суратазул кӀудияб альбом. БатӀи – батӀиял, юморестикиялги сатирикиялги политикиял суратаздаса Исламица рахъулел рукӀун руго гӀадамал ва хӀаракат бахъулеб букӀун буго гьел лъида рукӀаниги рельлъинаризе – физрукасда, кидаго рагьтӀа гӀодойги чӀун чӀанда хъурулей йикӀуней мадугьалалда… Шовкринский мукӀурлъана, Бидструп вукӀанила жиндие унго-унгояв учитель, гьес мальъанила жинда сураталъулъ образ бихьизабизе. Гьумер, черх, бетӀералъул гьетӀи, кверазул рагьари,

шляпаялъул гьетIи ва цогидабги жо мухъ цIан загьир гьабиялдалъун, чиясул гIамал-тIабигIат цебе чIезабизе бажаранила. Гьедин гьанже жиндир суратазда ратIа рахъизе лъалила махсарочагIиги, хабар гIемералги, гIадада гаргадулелги, цIорон холев даранчиги, хIамида хадув унев херавги…

Киналго гьел сипатал гIагараллъунги лъугьунила ва цоцаздаса ратIа рахъизеги лъалила – гьале нардаз хIан кьунилан щцин бахъарав ХIажи-даци, гьав цояв - хIамагун вачIунев Унсоколоса инсул гьобол. Гьев хIамида хадувгицин вилъунаан инсаниятальего кIвар бугеб иш жинца гьабулеб бугеб гIадин.

Бищунго гIунаралги героял Шовкринскияс рокьизарула ва гьезухъ ралагьун гьимизе тIамула. Ишги гьениб кигIан дагьабниги бараб гьечIо гьел квешал яги лъикIал рукIиналда, гьесие гьел киналго гIагараллъун рукIуна. Гьесие гьел рокьула кинал ругониги! Рокьула унго-унгоял, чIагоял, релъулел, гIодулел, зурма пулел, кечI ахIулел, тостал абулел, тамахьо бухIулел, гьерсал хъурулел, бугьтанал лъолел, американялъул репортерасда цере цIакъаллъун хIалел… Исламил руго гIемерал машгьурал композициял – «ГодекIан», «КъулгIадухъ дандчIвай», «Росдал дандеруссин», «Гьалмагъзабазул руккел» ва цогидалги. Гьениб щибаб персонажалъул буго жиндирго гьими, жиндирго къинкIи, къули, къаркъалаялъул гьетIи, мегIералъул чIурканлъи, жиндирго рукIкIалаби ва цогидалги щибав хIатIул чи ватIа гьавизе ратулел гIисинал хаслъаби.

РукIа-рахъиналъул рахъ бихьизабулел сюжеталин абуни ракIалдаго гьечIого лъугьуна. Цо нухалда мастерскаялда хIалтIулаго гьес ратIа гьарун лъолел рукIуна годекIанир херазул ва росдал кIодабазулги гьитIинал фигураби. Гьениб циндаго лъугьуна цо рекъараб композиция. Исламие хутIараб жо букIуна, гьезда аскIов, нолъ квана-гьекъолев вукIун, рокъове кватIарав росасулги, гьесда цее чIарай, кIутIби хIанчIулей согIай магIарулалъулги фигураби тIаде журай.

Дунялалдаго тIиритIун руго гьесул, кIудияб мегIералъул, бухари тIагъур лъурал, кодоб лълъар ккурал херазул ва квасул кIудиял шалал тIад чIварал ва резинаялъул галошал ретIарал санагIатал мугIрул руччабазул фигураби. Гьел руго Валерий Меладзел, Сосо Павлиашвилил, Лариса Долиналъул ва гIемерал цогидалги Шовкринскиясул гьунаралъул къимат гьабулел гIадамазул рокъор.

Гьесул скульптуриял композициябокьараб бакI берцинлъизабула, гьеб гвангъараблъун ва хинаблъун гьабула. Гьедин кколеб батила живго авторас хIалтIи кIудияб рокьигун гьабулеб букIиналъги, гIагараб ракьалде, гьелъул махщелчагIазде ва халкъиял махщалабазде тIадегIанаб бербалагьи букIиналъги. Ислам дагъистаналъул гIемерал бакIазде щун вуго. Гьесул щулияб лъай-хъвай буго бархъалисезул ва Испикалъул щагIихъабазулгунги. Амма бакIалъулаб хIатI гьес жиндирго ишалъе хIалтIизабулеб гьечIо – гьелъ бухIи-цIорой хIехьоларила ва кьватIулилан абулеб буго мастерас. Гьединлъидал гьес хIатI босулеб буго Москваялдаса, лабораторияб хIалбихьи гьабураб. Гьесул хIатIалдехун руго хасал тIалабал. «Кинабго жоялъул букIине ккола жиндирго гIадлу-низам, абураб девиз буго дир» - абун велъана Ислам. Гьесул рукIа-рахъиналъухъ ва хIалтIулеб бакIалъухъ балагьун гьеб бихьулебги буго: гипсалъул куцал полкабазда руго, хIалтIул алатал тартибалда руго, кинабго буго рекъезабун, берцинго, бацIцIадго гIуцIцIун.

Исламица цебе бахъун бачIана гIадлуялда, тартибги цIунун, жиндие щварал шапакъатал, газет-журналазда рахъарал макъалаби, выставкабаздаса суратал ва цогидалги жал жаниб цIунараб, альбом. Гьенир ругел суратазухъ балагьунги бихьула Исламил творчествоялъул гIадатлъиги, гъварилъиги, кIодолъиги. КIудияб асар гьабуна ахираб цебелъеялда Исламие ичIго сон барай ясалъ гьабураб хъвай-хъвагIаялъ: «Салам! Дида цIар буго Диана ва дир буго ичIго сон. Дие цIакъ рокьана дур щагIил гIадамал. Баркала буго гьезухъ». Гьанибги бихьулеб гьечIони художникасул тIадегIандлъи, сундулъха бихьулеб?

– 2010 соналъ дие щвана «Дагъистаналъул биенале – 2010» абураб прикладнояб искусствоялъул художниказул цебелъеялъул Гран-при, - ян бицана Исламица, - ва гьелъ рес кьуна, англиялъул машгьурав меценат Джон Малвиница кьучI лъураб, «Камелот» абураб, гIадатияб гуреб кIалгIаялда хIалтIизе. ГIемераб жо бихьун, рагIун ва ракIалда чIун, кIудияб асаргун вуссараб сапар ккана гьенибе.

Гьоркьохъел гIасрабазул къирал Артурил кIалгIаги, доб замаиалъул щулалъабазда рельлъун, лъел хъитIалъ сверун ккураб бугоан. Великобританиялъул хIукуматалда хIажатаблъун бихьун гьечIо гьеб

Ислам Шовкринский – ккола Дагъистаналъул мустахIикъав художник, Россиялъул художниказул Союзалъул член, хIукуматалъул ва пачалихъалъул гIемерал щапакъатазул лауреат, гIемерал экспозициязул гIахьалчи, хасал церелъеязул автор. Дагьалъ цебе Дагъистаналъул художниказул Союзалъул церелъеязул залалда букIана цIар рагIарав Мастерасул, юбилеялда хурхун тIобитIараб, «ЩагIил скульптура» цебелъей.



# Женщина Дагестана



**На аварском языке**

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций РД.
**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru
**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**ответственный секретарь**
С. Х. БУЛГАЕВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru
**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**
Сдано в набор 20.01.2020.
Подписано в печать 30.01.2020.
Формат бумаги 60 х 84 1/8.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 0103. Тираж (3300)711 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложке:**
I– Раида Ревшановна Саидова – учитель русского языка и литературы школы № 53 г. Астрахани; II – картина Н. А. Лакова; III – работы И. Шовкринского.






некIсияб кIалгIа цIигьабун къачIай. Гьедин «Камелоталъул» чIваднал рукIарабго хIалалда хутIун руго.

Уэльс графствоялъул Корнуэллалда бан буго цIияб «Камелот» ва гьеб цебеселда тIубанго релълъарабги буго. Гьанже гьеб ккола халкъазда гьоркьосеб культурияб центр. Гьенире рачIуна дунялалъул киналго улкабаздаса художникал ва цогидалги искусство бокьулел гIадамал. Гьениб лъай-хъвай гьабизе бегьула дунялалдаго машгьурал махщелчагIазулгун. Ислам абуни хIикмалъизавун вугоан, гьелъул гIураб берцинлъи букIаниги, жибго гьеб кIалгIаялъ гурев, жамгIияталъул искусствоялдехун ва гьеб дунялалъе рагьулездехун бугеб рокьиялъ. Художникал, музыкантал, хъвадарухъаби, шагIирзаби, машгьурал актерал режиссерал гьенир къабул гьарулел руго, БетIергьанас тIокIгьарурал чагIилъун, кIудияб къадруялда…

– Дие бищунго интерес букIана гьеб бихьизе рачIунел чагIазул гьурмазда хадуб хал ккверзе, - ян бицана Исламица. – Гьале залалда хьвадулев чи цо экспонаталдаса цогиялъухъе… Дир щагIил васикIабазде цеве щведал, жиндаго лъачIого гьимулев вуго! Гьеле гьеб гьимиялъе гIоло бегьула, свак лъачIого, гьираялда хIалтIизе ва цIи-цIиял персонажал ургъизе.

РакIалда бугеб щинаб жо рагьун къватIибе загьир гьабулев чиги гуро Ислам, амма, гьаб дирго махщел васасухъе кьелилан анищалда вукIана дун, гьанже гьебго анищ буго васасул васасухъе гьеб кьезеян, махсароялда нахъа бахчун бихьулеб букIана, жиндирго махщел цогидазухъеги кьезе бугеб гьира.

…ГIемераб мехалъ рукIана ниж Шовкринскиялгун хабар-кIалалда. Бихьана гьесул рагьараб ракIги гIадамаздехун бугеб божа-рокьиги. Гьесул хъизан Луизаги ятана цIакъ Исламил тIалаб-агъаз бугей, тIаде рачIарал гьалбадерие ракI рагьарай, лъикIай гIадан.

- ГIумруялъул нухда Луиза дандчIвачIейани, щибго жо ккезе букIун батиларо дир, - илан Исламица абидал: «Рокьи ккун батани, мугIрузда свере» абураб, студентазул спектаклялдаса гьайбатав Багьадур вокьичIого кие дун йорчIилей? Гьениб гьесие гьабун букIараб кIудияб мегIералъ тамахлъана дун, гIумруялъего букIун бугоха!» - ян кIиябго кверги гьурмада чIван нечадго ельана Луиза.

Бокьун букIана гIемераб жоялъул бицине – щагIил школа-студиялъул, цере чIарал масъалабазул, махщелчагIазул ирсилазул бугеб кIваралъул, конкурсазда ва церелъеязда гIахьаллъизе ккеялъул, грантазда тIад хIалтIизе хIажалъиялъул ва ресазул. Ясалъул ясалъул (ясалъул хъизан США ялда буго), хIакъалъулъ бицинецин гIечIо нижее заман. Амма рукъалъул бетIергьабазул рекIел лъикIлъиялдаса пайдаги босун, къватIире рачахъизегIан гьенир рукIинеги, рекъон букIинчIо…

Гьениса къватIире ниж рахъана художникасул хъизаналъул гьайбатаб асаралда гьоркь ва гьесул ракьцоялллъун ратиялдаса кIудияб чIухIигун. Божула Ислам Шовкринскиясул цIиял хIалтIаби рихьиялда ва щагIихъабазул школа-мастерскаяги рагьун, Мастерас махщелтIокIал ирсилазухъе жиндирго гьунар кьезе букIиналда.

**Сулгият БУЛГАЕВА**





# Глиняный мир Ислама Шовкринского



ИНДЕКС 73901

6+



4 651116 280082